

**BASA JAWI WALIKAN ING DHUKUH GANDON  
DHUSUN BALEGONDO KECAMATAN NGARIBOYO  
KABUPATEN MAGETAN**

**SKRIPSI**

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Yogyakarta  
minangka Jejangkeping Pandadaran  
Anggayuh Gelar  
*Sarjana Pendidikan*



dening

Chory Apriadikari

NIM 09205241017

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA**

**2013**

## PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan Basa Jawi Walikan ing Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan menika sampun pikantuk palilah dening *pembimbing* kangge dipunujekaken ing salebeting *pendadaran*.



Yogyakarta, 28 Juni 2013

Pembimbing I,

Prof.Dr. Endang Nurhayati, M.Hum

NIP. 19571231 198303 2 004

Yogyakarta, 28 Juni 2013





Pembimbing II,


Drs. Mulyana, M.Hum

NIP. 19661003 199203 002

Skripsi kanthi irah-irahan Basa Jawi Walikan ing Dhukuh Gandon Dhusun  
Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan menika sampun  
dipunandharaken ing pandadaran wonten sangajenging *penguji* ing tanggal  
5 Juli 2013 saha dipuntetepaken lulus.

Dewan Penguji

Asma	Jabatan	Tapak asma	Tanggal
Dr. Suwardi, M.Hum.	Ketua penguji		11 Juli 2013
Drs. Mulyana, M. Hum.	Sekretaris penguji		11 Juli 2013
Drs. Hardiyanto, M.Hum.	Penguji I		11 Juli 2013
Prof.Dr. Endang Nurhayati, M.Hum.	Penguji II		11 Juli 2013



Yogyakarta, 11 Juli 2013

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,



Prof. Dr. Zamzani, M.Pd.

NIP. 19550505 198011 1 001

## WEDHARAN

Ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika, kula:

Nama : **Chory Apriadikari**

NIM : 09205241017

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

Ngandaraken bilih panaliten menika minangka asiling padamelan kula piyambak. Sapangertosan kula, panaliten menika boten kaisi *materi* ingkang dipunserat dening tiyang sanes, kajawi namung perangan tertamtu ingkang kula pendhet minangka dhasar panyeratan kanthi nggatosaken tata cara saha paugeran panyeratan *karya ilmiah* ingkang umum.

Seratan ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kabukti wedharan menika boten leres, saestu dados tanggel jawab kula.

Yogyakarta, 28 Juni 2013

Panyerat,



Chory Apriadikari

## SESANTI

Ngelmu datan den tapani dadya karo kuciwa.  
'Ngelmu ingkang boten dipunlandhesi iman saha tirakat bakal  
ndadosaken kuciwa'

Tatag, teteg, bakal tutug.

Kula kedah *sukses*, awit *sukses* inggih menika *hak* kula.  
Kula bingah menawi kula saged *sukses*.

## **PISUNGSUNG**

Kanthi raos sukur dhumateng Allah SWT.

*Karya ilmiah* menika kula pisungungaken dhateng :

Bapak kaliyan Ibu ingkang sampun paring panyengkuyung saha pandonga.

## PRAWACANA

Alhamdulillah wa Syukurillah konjuk dhumateng Allah SWT ingkang tansah paring lumubering rahmat, barokah, saha hidayah dhateng panyerat, saengga skripsi kanthi irah-irahan “Basa Jawi Walikan ing Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan” menika saged kaimpun kanthi nir ing sambekala. Skripsi menika kaserat kangge njangkepi salah satunggaling sarat pikantuk *gelar sarjana pendidikan*.

Awit saking pambiyantu kangge nyusun skripsi menika, panyerat ngaturaken agunging panuwun dhateng sedaya ingkang mbiyantu kados kaserat wonten ing ngandhap menika.

1. Bapak Prof. Zamzani, M.Pd., minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring idin kangge nyusun skripsi menika.
2. Bapak Dr.Suwardi, M.Hum., minangka pangarsaning Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring wewarah supados skripsi menika saged dipunrampungaken kanthi lancar.
3. Ibu Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum., minangka *pembimbing* I ingkang sampun paring wewarah kanthi sabar kangge ngrampungaken skripsi kanthi lancar.
4. Bapak Mulyana, M.Hum., minangka *pembimbing* II ingkang sampun paring wewarah kanthi sabar kangge ngrampungaken skripsi kanthi lancar.
5. Bapak Drs. Sutrisna Wibawa M.Pd., minangka *Penasehat Akademik* ingkang sampun paring *nasehat* salaminipun sinau ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
6. Sedaya dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring seserepan wonten ing pasinaon kuliah.
7. Para *staf* Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring pambiyantu anggenipun proses panyeratan skripsi menika saengga ndadosaken lancar sadayanipun.

8. Tiyang sepuh kekalih saha sedaya kulawarga ingkang sampun paring pambiyantu saha donga pangestu.
9. Sedaya kanca – kanca kula ingkang wonten ing Gandon, saha kanca-kanca Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring pambiyantu saha *semangat*.
10. Warga Dhukuh Gandon ingkang sampun paring pambiyantu supados saged lancar anggenipun ngrampungaken skripsi menika.
11. Sedaya *pihak* ingkang boten saged kula sebataken setunggal mbaka setunggal awit saking pambiyantunipun.

Panyeratan skripsi menika taksih gadhah kekirangan. Awit saking menika, panyerat gadhah pangajab supados pamaos paring panyaruwe saha pamrayogi kangge nyampurnakaken panaliten menika. Panaliten menika mugi-mugi saged caos paedah dhateng sedaya ingkang maos.

Yogyakarta, 28 Juni 2013

panyerat,



Chory Apriadikari



## WOSING SERATAN

	Kaca
IRAH-IRAHAN .....	i
PASARUJUKAN .....	ii
WEDHARAN .....	iv
SESANTI .....	v
PISUNGSUNG .....	vi
PRAWACANA .....	vii
WOSING ISI .....	ix
<i>DAFTAR TABEL</i> .....	xii
<i>DAFTAR LAMPIRAN</i> .....	xiii
<i>DAFTAR CEKAKAN</i> .....	xiv
<i>DAFTAR TETENGER</i> .....	xv
SARINING PANALITEN .....	xvi
BAB I PURWAKA .....	1
A. Dhasaring Panaliten .....	1
B. Underaning Perkawis .....	3
C. Watesaning Perkawis .....	4
D. Wosing Perkawis .....	4
E. Ancasing Panaliten .....	5
F. Ginanipun Panaliten .....	5
G. Pangertosan .....	5
BAB II GEGARANING <i>TEORI</i>	
A. Andharaning <i>Teori</i> .....	8
1. <i>Sosiolinguistik</i> .....	8
2. <i>Variasi basa</i> .....	9
3. <i>Peranganing tuturan</i> .....	13
4. <i>Slang</i> .....	14
a. <i>Tembung slang</i> .....	22

5. Basa Jawi walikan .....	23
B. Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten	
Magetan .....	26
C. Panaliten ingkang Jumbuh .....	27
D. Nalaring Pikir .....	29
<b>BAB III CARA PANALITEN</b>	
A. Jinising Panaliten .....	31
B. <i>Subjek, Objek saha Data</i> panaliten .....	31
C. Wekdal saha panggenan panaliten .....	32
D. Cara ngempalaken <i>data</i> .....	32
E. Pirantining panaliten .....	33
F. Cara nganalisis <i>data</i> .....	34
G. Cara ngesahaken <i>data</i> .....	35
<b>BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN</b>	
A. Asiling Panaliten .....	37
B. Pirembagan .....	41
1. wujud 1: basa Jawi walikan ingkang wanda sepisanipun boten mati saha kadhapuk saking tembung kalih wanda kanthi wuwuhan (O), (N), (NG).....	41
2. wujud 2: basa Jawi walikan ingkang wanda sepisanipun mati saha kadhapuk saking tembung kalih wanda kanthi wuwuhan (O), (N), (NG) .....	45
3. wujud 3: basa Jawi walikan ingkang wanda sepisanipun boten mati saha kadhapuk saking tembung tigang wanda kanthi wuwuhan (O), (N), (NG).....	49
4. wujud 4 : wujud setunggal dipunwuwuhi ater - ater .....	52
5. wujud 5 : wujud kalih dipunwuwuhi ater - ater.....	55
6. wujud 6 : wujud setunggal dipunwuwuhi panambang.....	59
7. wujud 7 : wujud kalih dipunwuwuhi panambang.....	62
8. wujud 8 : wujud setunggal dipunwuwuhi ater - ater saha	

panambang .....	65
9. wujud 9: wujud kalih dipunwuwuhi ater – ater saha panambang	69
10. wujud 10 : wujud setunggal dipuntambah wujud setunggal.....	71
11. wujud 11 : wujud kalih dipuntambah wujud kalih .....	75
 BAB V PANUTUP	
A. Dudutan .....	81
B. <i>Implikasi</i> .....	82
C. Pamrayogi .....	82
KAPUSTAKAN .....	84
LAMPIRAN .....	86

## **DAFTAR TABEL**

	Kaca
<i>Tabel 1</i> : cara malik basa Jawi walikan ing Kecamatan Ngadirejo Pacitan.....	25
<i>Tabel 2</i> : cara malik basa Jawi walikan ing Yogyakarta.....	25
<i>Tabel 3</i> : wujuding kertu <i>data</i> .....	34
<i>Tabel 4</i> : wujuding tabel nganalisis <i>data</i> .....	35
<i>Tabel 5</i> : wujuding saha cak – cakanipun basa Jawi walikan ing Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan.....	37

## **DAFTAR LAMPIRAN**

	Kaca
<i>Lampiran 1: Tabel panyerating wujud saha cak – cakanipun basa Jawi walikan.....</i>	86
<i>Lampiran 2: Peta Dhukuh Gandon.....</i>	207
<i>Lampiran 3: Serat panaliten .....</i>	208

## ***DAFTAR CEKAKAN***

- O<sub>1</sub> : pamicara kapisan ing pawicantenan
- O<sub>2</sub> : pamicara kaping kalih ing pawicantenan
- O<sub>3</sub> : pamicara kaping tiga ing pawicantenan
- O<sub>4</sub> : pamicara kaping sekawan ing pawicantenan

## **DAFTAR TETENGER**

Tetenger	Teges
(‘.....’)	tanda <i>petik tunggal</i> , ngapit tegesing tembung, <i>terjemahan</i> , saha andharan
(.....)	nedahaken <i>frase</i> , <i>morfem</i> .
(-)	tanda pisah, katrangan <i>oposisi</i>
(-)	tanda hubung, dipunginakaken kangge nyambung tembung kaliyan wuwuhan.
+	dipunwaos : dipunwuwuhi, dipuntambah
→	dipunwaos: dados

**BASA JAWI WALIKAN ING DHUKUH GANDON DHUSUN  
BALEGONDO KECAMATAN NGARIBOYO KABUPATEN MAGETAN**

**Dening Chory Apriadikari  
NIM 09205241017**

**SARINING PANALITEN**

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken wujuding saha cak – cakanipun basa jawi walikan. Basa jawi walikan ingkang dipunandharaken inggih menika basa jawi walikan ingkang wonten ing Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan.

Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif*. *Data* ing panaliten menika awujud tembung basa Jawi walikan. *Subjek* panalitenipun inggih menika panutur ingkang ngandharaken basa jawi walikan. Cara kangge manggihaken *data* inggih menika kanthi *metode simak* ingkang dipunjangkepi mawi *teknik sadap*. *Data* dipunanalisis kanthi *deskriptif* inggih menika panaliti ngandharaken wujuding saha cak – cakanipun basa Jawi walikan ing Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo. Kangge ngesahaken *data* dipunginakaken *validitas* saha *reliabilitas*.

Asiling panaliten menika ngandharaken wujuding saha cak – cakanipun basa Jawi walikan ing Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan. Wujuding basa Jawi walikan ingkang kapanggihaken inggih menika wujud 1: basa Jawi walikan ingkang wanda sepisanipun boten mati saha kadhapak saking tembung kalih wanda kanthi wuwuhan (O), (N), saha (NG); wujud 2: basa Jawi walikan ingkang wanda sepisanipun mati saha kadhapak saking tembung kalih wanda kanthi wuwuhan (O), (N), saha (NG); wujud 3: basa Jawi walikan ingkang wanda sepisanipun boten mati saha kadhapak saking tembung tigang wanda kanthi wuwuhan (O), (N), saha (NG); wujud 4: (wujud setunggal dipunwuwuhi ater – ater); wujud 5: (wujud kalih dipunwuwuhi ater – ater); wujud 6: (wujud setunggal dipunwuwuhi panambang); wujud 7: (wujud kalih dipunwuwuhi panambang); wujud 8: (wujud setunggal dipunwuwuhi ater – ater saha panambang); wujud 9: (wujud kalih dipunwuwuhi ater – ater saha panambang); wujud 10: (wujud setunggal dipuntambah wujud setunggal); wujud 11: (wujud kalih dipuntambah wujud kalih). Cak – cakanipun inggih menika dipunginakaken dening tiyang ingkang sesambetanipun akrab, tiyang ingkang taksih setunggal kulawarga, saha tiyang ingkang padamelanipun sami. Sasanesipun menika dipunginakaken kangge nedahaken solah bawa saha pangrasaning manah; nyingidaken sawijining prakawis; ngandharaken panyaruwe; ndadosaken lucu; ngalusaken tembung ingkang kasar supados dados langkung alus; saha ngandharaken pasemon.



## **BAB I PURWAKA**

### **A. Dhasaring Panaliten**

Ing masarakat, basa gadhah piguna ingkang wigati. Basa dipunginakaken kangge piranti *komunikasi*. Tiyang ingkang boten nguwaosi basa ingkang dipunginakaken ing masarakat temtunipun badhe ngadhepi reribet ingkang langkung awrat. Basa ugi saged nedahaken piguna saha kawontenaning tiyang menika ing masarakat.

Basa saha masarakat boten saged dipunpisah. Ing masarakat, tiyang boten saged dipunsebat *makhluk individu*, ananging tiyang menika dados salah satunggal peranganing klompok *sosial*. Basa saha tiyang anggenipun ngginakaken basa boten saged katiti kanthi sipat individunipun, ananging kedah dipungayutaken kaliyan pakaryan saben dinanipun ing masarakat.

Basa Jawi ingkang dipunginakaken dening masarakat gadhah *variasi* basa. *Variasi* basa karembag ing *sosiolinguistik*. *Sosiolinguistik* ngrembag gegayutaning basa kaliyan masarakat ingkang ngginakaken. *Variasi* basa kaperang dados sekawan. Salah satunggalipun inggih menika *variasi sosial*. *Variasi sosial* kaperang dados *akrolek, basilek, vulgar, slang, kolokial, jargon, argot, cant*, saha *prokem*. *Slang* inggih menika *variasi* basa ingkang asipat mligi saha wados. *Slang* dipunginakaken ing klompok tertamtu, saengga tiyang ing sanjawinipun klompok boten mangertos teges saha cak-cakanipun.

Basa Jawi walikan inggih menika salah satunggal wujuding *slang*. Basa Jawi walikan sampun dipunginakaken ing mapinten-pinten panggenan

antawisipun ing Ngayogyakarta, ing Malang, ing Kecamatan Ngadirejo Pacitan, ugi ing Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan. Basa Jawi walikan ing Ngayogyakarta saha Malang sampun kaloka ing masarakat. Semanten ugi basa Jawi walikan ing Kecamatan Ngadirejo Pacitan ugi sampun katliti. Beda kaliyan basa Jawi walikan ing Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan ingkang dereng dipuntliti saha dipunmangertosi dening masarakat ing sanjawinipun Dhukuh Gandon. Ing ngandhap menika *kutipan* pawicantenan masarakat Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan ingkang ngginakaken basa Jawi walikan. Pawicantenan dipunlampahi dening Roni kaliyan Mansur.

- O<sub>1</sub> : “Sur, Diajeng *oya pineng?*”  
           ‘Sur, Diajeng piye?’
- O<sub>2</sub> : “mboh, ra eneng kabare. Tak SMS ora *olas mbanengi.*”  
           ‘mboh, ra eneng kabare. Tak SMS ora mbalesi’

Saking *data* ing inggil, basa Jawi walikan ingkang dipunginakaken gadhah kekhasan ingkang beda kaliyan basa Jawi walikan ing Ngayogyakarta, Malang, saha Kecamatan Ngadirejo Pacitan. Kekhasanipun inggih menika katingal saking wujudipun ingkang kasusun saking tembung asalipun inggih menika setunggal tembung wujudipun ewah dados kalih tembung. Wujudipun kadhapuk kanthi cara dipunwalik saha dipunwuwuhi aksara swanten (o) ing ngajeng, aksara (n) ing tengah saha (ng) ing wingking. Nggantos aksara swanten ing wanda kapindho tembung sepisan dados aksara swanten (a), sarta aksara swanten ing wanda kapindho tembung asalipun dipunwalik dados aksara swanten ing wanda kapindho tembung kapindho. Cara anggenipun ndapuk inggih menika.

1. *Oya pineng* : piye  
( O + wanda kapindho tembung asalipun: ye → ya <spasi> wanda kapisan tembung asalipun : pi + N + aksara swanten wanda kapindho tembung asalipun: e + NG)
2. *Olas mbanengi* : mbalesi  
( O + wanda kapindho tembung asalipun: les→las <spasi> wanda kapisan tembung asalipun : mba + N + aksara swanten ing wanda kapindho : e + NG + panambang i)

Inggang miwiti ngginakaken basa Jawi walikan ing Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan inggih menika para bakul obat Dhukuh Gandon. Bakul obat menika sadeyan ing pasar ingkang wonten ing kitha Ngawi, Madiun, Pacitan, Solo saha Ponorogo. Miturut Suyanto (44 taun) “rikala jaman rumiyin, para bakul obat kainspirasi basa sandhi ingkang dipunginakaken dening *preman* ing kitha-kitha kasebut”. Saking klompok bakul obat menika, basa Jawi walikan dipunginakaken ugi dening bakul sanesipun saperlu kangge piranti wawan pirembagan. Awit kathahing warga ingkang padamelanipun dados bakul ing mangsa menika, basa Jawi walikan minangka *media* pawicantenan dipunginakaken dening masarakat kanthi cepet. Samenika, pemudha pemudhi Dhusun ugi ngginakaken basa Jawi walikan menika. Warga ingkang saged ngginakaken kanthi lancar kirang langkung yuswanipun kalih dasa taun manginggil.

## **B. Underaning Perkawis**

Adhedhasar dhasaring panaliten menika, saengga saged dipundudut underaning perkawis. Underaning perkawis inggih menika :

1. wujuding tembung basa Jawi walikan ing Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan;

2. cara anggenipun ndapuk basa Jawi walikan ing Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan;
3. cak-cakanipun basa Jawi walikan ing Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan;
4. bab-bab ingkang ndayani anggenipun ngginakaken basa Jawi walikan ing Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan;
5. tiyang ingkang ngginakaken basa Jawi walikan ing Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan.

### **C. Watesaning Perkawis**

Awit wiyaripun perkawis, saengga panaliti matesi perkawisipun.

Watesaning perkawis inggih menika:

1. wujuding tembung basa Jawi walikan ing Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan;
2. cak-cakanipun basa Jawi walikan ing Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan.

### **D. Wosing Perkawis**

Adhedhasar watesaning perkawis panaliten, saged dipundudut wosing perkawisipun. Kados ing ngandhap menika.

1. Kados pundi wujuding tembung basa Jawi walikan ing Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan?

2. Kados pundi cak-cakanipun basa Jawi walikan ing Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan?

#### **E. Ancasing Panaliten**

Adhedhasar wosing perkawis panaliten, saengga saged dipundudut ancasing panaliten. Ancasing panaliten inggih menika.

1. Kangge ngandharaken wujuding tembung basa Jawi walikan ing Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan.
2. Kangge ngandharaken cak-cakanipun basa Jawi walikan ing pawicantenan masarakat Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan.

#### **F. Ginanipun Panaliten**

Panaliten kanthi irah-irahan “Basa Jawi Walikan ing Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan” gadhah piguna ingkang wigati. Panaliten menika saged dipunginakaken dados *bahan* pirembagan *sosiolinguistik*. Panaliten menika ugi dados sarana nglestantunaken basa Jawi walikan ing Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan, saha kangge paring seserepan dhumateng masarakat ngengingi wujuding basa Jawi walikan saha cak-cakanipun. Wewarah ngengingi basa Jawi walikan menika ugi saged dipunginakaken kangge nganggit *kamus variasi* basa, mliginipun basa Jawi Walikan.

#### **G. Pangertosan**

Gayut kaliyan irah - irahan panaliten menika, saged kaandharaken pangertosan – pangertosan tembungipun kados ing ngandhap menika.

### 1. Basa Jawi walikan

Basa Jawi walikan inggih menika salah satunggal wujuding *slang* ingkang dipunginakaken dening masarakat Jawi. Adatipun, basa Jawi walikan dipunginakaken dening klompok tertantu kangge komunikasi *intern*. Sasanesipun menika basa jawi walikan asipat mligi sarta nyingidaken.

### 2. Wujuding tembung basa Jawi walikan

Tembung – tembung ingkang karakit saking asiling malik saben wanda ing tembung asalipun ingkang saha dipunwuwuhi aksara (O), (N), saha (NG). Saking setunggal tembung wujudipun ewah dados kalih tembung. Sasanesipun menika, aksara swanten ing wanda kapindho tembung kapindho dipunewahi dados aksara swanten (a), sarta aksara swanten ing wanda kapindho utawi wanda katiga tembung asalipun dipundadosaken aksara swanten ing wanda kapindho tembung kapindho.

### 3. Cak – cakanipun basa jawi walikan

Inkang dipunwastani cak – cakanipun basa Jawi walikan inggih menika basa jawi walikan nalika dipunginakaken kangge pawicantenan dipunginakaken dening sinten kemawon, paedahing basa Jawi walikan nalikan dipunginakaken dening panuturipun, saha kados pundi basa Jawi walikan menika dipunginakaken dening panuturipun.

### 4. Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan.

Dhukuh Gandon inggih menika salah satunggaling Dhukuh ingkang dhumawah ing Dhusun Balegondo, Kecamatan Ngariboyo, Kabupaten Magetan.

Jarakipun kirang langkung kalih kilo *meter* saking pusating kitha Magetan.

Masarakatipun kathah ingkang nyambut damel dados tani saha bakul ing pasar.

## BAB II GEGARANING *TEORI*

### A. *Andharaning Teori*

#### 1. *Sosiolinguistik*

*Sosiolinguistik* inggih menika pirembaran kalih ngelmu antawisipun *sosiologi* saha *linguistik* (Ohoiwutun, 2009: 9). *Sosiologi* inggih menika pirembaran ingkang *objektif* saha *ilmiah* ngengingi manungsa ing klompok masarakat, sarta ngengingi klompok-klompokipun ugi *proses* sosialipun ing masarakat (Chaer, 2004: 2). Manungsa ing klompok masarakat tansah nglampahi *proses sosial* ingkang arupi *interaksi* kaliyan tiyang sanes. Wujuding *interaksi* kasebut inggih menika *komunikasi*. Basa inggih menika salah satunggal wujuding piranti *komunikasi*. Miturut Keraf (2002: 2) basa inggih menika piranti *komunikasi* arupi *simbol bunyi* ingkang dipunginakaken dening masarakat saha dipunasilaken saking pirantining micara manungsa ingkang saged dipunwuwuhi kanthi salah bawa. Basa dipunrembag ing *seserepan linguistik*. Andharanipun Nababan (1984: 1) *linguistik* inggih menika seserepan ingkang ngrembag babagan *hakekat* saha titikanipun basa sarta gegayutaning perangan menika minangka dados pirantining manungsa.

Suhardi (2009: 6) nggambaraken bilih *sosiolinguistik* inggih menika peranganing *linguistik* ingkang gayut kaliyan *gejala sosial* saha budaya kanthi niti basa sarta masarakatipun. Kartamihardja (1988: 4) ugi njlentrehaken bilih *sosiolinguistik* ngrembag *variasi* basa saha jinising basa ing masarakat. (Chaer, 2004:4) ndamel dudutan saking mapinten-pinten *pakar*, bilih *sosiolinguistik*



inggih menika peranganing *linguistik* ingkang asipat *interdisipliner* kaliyan ngelmu *sosiologi* kanthi *objek* panalitenipun inggih menika gegayutaning basa saha bab-bab ing salebeting masarakat *tutur*. Dipunandharaken malih dening Nababan (1984: 2) *sosiolinguistik* ngrembag *aspek-aspek* masarakat basa, mliginipun *variasi* basa ingkang gayut kaliyan masarakat (*sosial*).

Saking andharan ing inggil saged dipundamel dudutanipun bilih *sosiolinguistik* inggih menika peranganing *linguistik* ingkang ngrembag gegayutaning basa saha masarakat. Ingkang dipunrembag ing *sosiolinguistik* inggih menika *pelaku tutur*, *variasi* basa ingkang dipunginakaken masarakat, *lawan tutur*, saha ancasing pawicantenan. *Objek* ing *sosiolinguistik* inggih menika *interaksi sosial*, cara anggenipun ngginakaken basa, wujuding basa, sarta *variasi* basa ingkang lestantun saha dipunuri-uri dening masarakat.

Salah satunggaling *variasi* basa ingkang karembag ing *sosiolinguistik* inggih menika *variasi* basa ingkang gayut kaliyan bab sosialipun. Wujuding *variasi* basa menika inggih *slang*. *Slang* ingkang lestantun ing masarakat Jawi inggih menika basa Jawi walikan.

## **2. Variasi Basa**

Ing klompok masarakat tertamtu, kabentuk basa ingkang khas ingkang jumbuh kaliyan budaya masarakat kasebut. Basa menika gadhah ancas supados *komunikasi* saged lancar, *komunikatif*, saha *efektif*. Pangrakiting basa ingkang khas kasebut njalari kabentuk *ragam* basa utawi *variasi* basa. Miturut Alwasilah (1985 : 65) “*bahasa adalah sesuatu yang kaya raya dengan ragam (variety) aktualisasinya dan manivestasinya sangat luas, variasi tanpa batas (infinite).*”

Basa ingkang asring dipunginakaken dening masarakat gadhah *ragam* basa ingkang kathah wernanipun, *ragam* menika saged dipunginakaken ing sedaya *bidang* gumantung tiyang ingkang ngginakaken. Variasinipun boten kawates menapa-napa, dados variasinipun saged *bebas*.

Miturut Nababan (1984: 15-16) *variasi* ing masarakat dipundayani dening *bab linguistik (intralingual)* saha *bab nonlinguistik (ekstralingual)*. Bab-bab *nonlinguistik* ingkang paring daya nalika tiyang ngginakaken basa inggih menika bab *sosial* saha bab *situasional*. Bab-bab kasebut saged nuwuhaken *variasi* basa tegesipun menika bilih wujuding perangan utawi *variasi* ing basa gadhah *pola-pola* ingkang sami kados *pola umum* basa indukipun (Poedjasoedarma ing Suwito, 1982 : 20). Gayut kaliyan *bab nonlinguistik* ingkang gadhah daya, Nababan (1984 : 14) ngandharaken bilih :

sedaya pambada basa nuwuhaken *ragam* basa ingkang dipunsebat kanthi nama ingkang beda-beda. *Ragam* basa ingkang gayut kaliyan panggenan utawi *lokasi geografis* dipunsebat *dialek*; *ragam* basa ingkang gayut kaliyan *sosial* dipunsebat *sosiolek*; *ragam* basa ingkang gayut kaliyan kahanan anggenipun ngginakaken basa utawi *tingkat formalitas* dipunsebat *fungsiolk*; saha *ragam* basa ingkang dipunkhasilaken dening basa ingkang ewah ingkang gayut kaliyan wekdal dipunsebat basa werna-werni, utawi menawi pambadanipun taksih dipunanggep pambada *ragam* ing setuggal basa, kita saged nyebat *ragam* menika kanthi *analog kronolek*.

Badhe dipunandharaken *variasi* basa kanthi dhasar bab-bab *nonlinguistik* miturut paminggihipun Nababan (1984: 14).

a. *Ragam* basa ingkang dipundayani dening *bab geografis (Dialek)*.

*Dialek* inggih menika *ragam* basa ingkang dipunginakaken ing salah satunggaling *wilayah geografis* tertamtu. Kawontenaning *dialek* nyata saha dipunakoni ing salah satunggaling panggenan tertamtu. Alwasilah (1985 : 50-51)

ndamel dudutan saking *kutipan pakar-pakar linguistik* ngengingi titikanipun *dialek*, inggih menika :

1. basa kasusun saking mapinten-pinten *dialek* ingkang dipunginakaken dening klompok panutur tertamtu, nalika klompok setunggal saha setunggalipun ngawontenaken pawicantenan kanthi dialekipun piyambak, sedaya saged dipunmangertosi (*mutual intelligibility*);
2. perangan jinising *dialek* dipundhasari dening *bab* panggenan/wilayah (*regional*), wekdal (*temporal*), saha *sosial*. Setunggal *dialek* saha *dialek* sanesipun beda, pambedanipun saged dipuntingali saking bab ingkang dipunandharaken, tata tataning basa, sarta tetembunganipun;
3. *dialek* inggih menika salah satunggal peranganing basa. Basa (ingkang taksih setunggal *variasi* basa) dipunsetujoni dados basa *regional*, ingkang nuwuhaken kasusastran saha gadhah kautaman saking *dialek-dialek* sanesipun kanthi pawadan-pawadan tertamtu.

b. *Ragam* basa ingkang dipundayani dening bab *sosial* (*sosiolek*)

Pamanggihipun Chaer (2004: 66- 68) “Gayut kaliyan *variasi* basa ingkang katiti saking *tingkat, golongan, status* saha klas *sosial* panuturipun, asring dipunsebat *variasi* basa kanthi nama *akrolek, basilek, vulgar, slang, kolokial, jargon, argot, saha ken.*” *Akrolek* inggih menika *variasi sosial* ingkang dipunanggep langkung inggil saking *variasi sosial* sanesipun. Tuladhanipun inggih menika krama inggil. *Basilek* inggih menika *variasi* ingkang dipunanggep langkung andhap gengsinipun, tuladhanipun inggih menika krama ndesa. *Vulgar* inggih menika *variasi sosial* ingkang titikanipun dipuntingali saking tiyang ingkang ngginakaken basa inggih menika tiyang ingkang boten gadhah *pendidikan*. *Slang* inggih menika *variasi sosial* ingkang asipat mligi saha nyingidaken, tuladhanipun basa dagadu ing Ngayogyakarta.

*Kolokial* inggih menika *variasi sosial* ingkang dipunginakaken ing pawicantenan saben dinten, tuladhanipun *gah* (wegah), *moh* (emoh). *Jargon* inggih menika *variasi sosial* ingkang dipunginakaken kawates ing klompok

*sosial* tertamtu, tuladhanipun tembung-tembung ingkang dipunginakaken *montir ing bengkel* kadosta dipundongkrak, dipunpoles, dipunbalans, lsp. *Argot* inggih menika *variasi sosial* ingkang dipunginakaken kawates ing padamelan tertamtu, tuladhanipun tembung “*kacamata*” kangge nggantos tembung *polisi* ing padamelan *copet*. *Ken* (*Inggris =cant*) inggih menika *variasi sosial* tertamtu ingkang dipunginakaken kanthi wirama melas, tuladhanipun basa ingkang dipunginakaken dening tiyang ingkang nyuwun-nyuwun.

c. *Ragam* basa ingkang dipundayani dening bab *situasional (fungsiolak)*

*Ragam* basa ingkang dipundayani dening bab *situasional (fungsiolak)* inggih menika *ragam* basa ingkang gayut kaliyan sarana anggenipun ngginakaken, *tingkat* kaformalanipun utawi *gaya*, saha *bidang* anggenipun ngginakaken (Chaer, 2004:68). *Ragam* basa *situasional (fungsiolak)* dipunrembag ing *linguistik etnografi* utawi *analisis wacana* utawi *pragmatik*. Cak-cakanipun *ragam* basa inggih menika *style* utawi wujuding basa nalika dipunginakaken.

(Nababan, 1984: 22-23) ngandharaken *ragam* basa ing masarakat ingkang dipunperang kanthi dhasar formalitasipun inggih menika: 1) *ragam beku (frozen)* inggih menika *ragam* ingkang langkung *resmi* ingkang dipunginakaken wonten ing adicara-adicara ingkang *khidmat* saha upacara *resmi*, 2) *ragam resmi (formal)* inggih menika *ragam* basa ingkang dipunginakaken ing *pidato resmi*, *rapat dinas*, utawi *rapat resmi* ing salah satunggaling klompok, 3) *ragam usaha (consultative)* inggih menika *ragam* ingkang dipunginakaken nalika pawicantenan ing sekolah, *perusahaan*, lsp 4) *ragam santai (casual)* inggih menika *ragam* ingkang dipunginakaken salah satunggaling tiyang kaliyan kanca sanesipun nalika

pawicantenan, plesir, olah raga, lsp 5) *ragam akrab (intimate)* inggih menika *ragam* basa ingkang dipunginakaken kanthi akrab ing salebeting kulawarga saha kanca ingkang rumaket ingkang boten mbetahaken ukara ingkang lengkap saha cetha nalika micara.

d. *Ragam* basa ingkang dipundayani dening bab wekdalipun (*kronolek*)

*Kronolek* inggih menika *variasi* basa ingkang dipunginakaken dening klompok *sosial* ing wekdal tertamtu (Chaer,2004: 64). *Kronolek* dipunsebabaken dening bab kaurutaning wekdal saha mangsa ingkang nyebabaken wujud anggenipun ngginakaken basa beda (Soeparna, 2003:55 ). Tuladhanipun, basa kawi Jawi kuna ing mangsa saderengipun akhir Majapait, basa Jawi tengahan ing mangsa akhir Majapahit, saha basa Jawi anyar ing mangsa samenika.

### 3. Peranganing tuturan

*Interaksi* antawisipun panutur saha lawaning panutur kanthi *tuturan pokok*, wekdal, panggenan saha kahanan tertamtu dipunsebat *peristiwa tutur* (Chaer, 2004: 47). Pawicantenan saged dipunsebat *peristiwa tutur* menawi ngandhut peranganing *peristiwa tutur*. Dell Hymes (ing Suwito,1982: 29) ngandharaken bab-bab ingkang dados peranganing *peristiwa tutur* kanthi *singkatan SPEAKING*.

- S** : *Setting and scene* : panggenan saha kahanipun pawicantenan.  
Tuladhanipun panggenan wawan pirembaran utawi swasana wawan pirembaran.
- P** : *Participants*: pamicara, lawan micara, saha pamiarsa.  
Tuladhanipun ing wawan pirembaran inggih menika sedaya *anggota* utawi peranganing wawan pirembaran.
- E** : *End* : ancas, ancasing wawan pirembaran ingkang dipunajengaken

- A** : *Act* : kadadayan nalika wonten tiyang ingkang micara inggih menika ngginakaken kesempatanipun kangge ngandharaken pamanggihipun ing wawan pirembaran.
- K** : *key* : wiramaning swanten saha ragaming basa ingkang dipunginakaken nalika ngandharaken pamanggihipun, saha cara anggenipun ngandharaken pamanggih.
- I** : *instrumen* : piranti ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken pamanggih.  
Tuladhanipun : kanthi cara *lisan*, dipunserat, ngginakaken tilpon, lsp.
- N** : *Norma* : *aturan* ingkang kedah dipuntaati dening *peserta* wawan pirembaran.
- G** : *Genre* : jinising adicara wawan pirembaran ingkang asipat beda kaliyan jinising kagiyatan sanesipun.

Kanthi cara ingkang beda (Fishman ing Suhardi, 2009: 20) ngrantam titikanipun *peristiwa tutur* mawi ukara "...study of who speak, what language to whom and when" asring dipunwuwuhi ugi mawi "...for what end" utawi "...for what purpose" ingkang tegesipun 'sinten ingkang micara, saha kaliyan sinten anggenipun micara, wekdalipun, sarta ancasing *tuturan*.

#### 4. *Slang*

Kridalaksana (1982: 156) ngrantam *slang* inggih menika *ragam* basa boten resmi ingkang dipunginakaken dening klompok *remaja* saha *waria*, sarta klompok *sosial* tertamtu kangge *komunikasi intern*, supados masarakat ing sanjawinipun klompok boten mangertos, *slang* awujud tetembungan ingkang enggal saha tansah ewah tembungipun. Ing Kamus Besar Bahasa Indonesia (1989:953) dipunsebataken *slang* inggih menika *ragam* basa boten resmi saha boten baku ingkang asipat *musiman*, dipunginakaken kangge *komunikasi intern* dening klompok *remaja* utawi klompok *sosial* tertamtu kanthi ancas supados boten dipunmangertosi dening klompok sanesipun.

*Slang* asipat mligi saha nyingidaken , mligi awit dipunginakaken dening klompok tertamtu dene nyingidaken awit basanipun kedah boten dipunmangertosi dening masarakat sanjawining klompok tertamtu saengga basanipun tansah ewah utawi asipat *temporal* (Soeparno, 2003: 56). Andharan menika sami kaliyan pamanggihipun Chaer (2004: 67) ingkang nggurit *slang* inggih menika *variasi sosial* ingkang asipat mligi, nyingidaken sarta *temporal*, dipunginakaken dening para kawula mudha ugi sekedhik tiyang sepuh, tuladhanipun basa *prokem*. *Slang* dipunginakaken dening tiyang *tingkat* inggil boten namung tiyang ing tingkat ngandhap kemawon (Alwasilah, 1985: 56).

Miturut Danandjaja (1985: 23) *slang* kalebet basa *rakyat* ingkang asalipun saking tetembungan saha *idiom* para *penjahat* utawi klompok tertamtu ingkang dipunrakit kanthi ancas nyamaraken tegesipun. Pamanggih menika dipunsarujuki dening Endraswara (2010: 39 - 40) ingkang ngandharaken bilih wujuding basa rakyat inggih menika *slang*, basa ingkang nyingidaken saha dipunginakaken kangge piranti *komunikasi* ing panggenan tertamtu.

Wujuding *slang* ing Indonesia wonten maneka werni. Ing ngandhap menika badhe dipunandharaken wujuding *slang* kasebut.

1. *Slang* ingkang awujud tembung ingkang dipunseseli *konsonan* V + aksara swanten

Saderengipun taun seketan ing klompok pemudha pemudhi medalaken *kreasi* kanthi nyeselaken *konsonan* V saha aksara swanten ing saben wanda tembung ingkang dipunginakaken (Sumarsono, 2008: 151). Aksara swanten ing

sawingkinging *konsonan* V jumbuh kaliyan aksara swanten tembung ingkang dipunseseli.

Tuladha : mati = ma + ti = mava tivi,

mateng = ma + teng = mava teveng.

Ing Kecamatan Genteng Banyuwangi ugi wonten wujud *slang* ingkang sami kaliyan wujud ing nginggil. Crystal ing Librianthi (2011) ngandharaken cara anggenipun ndapuk kanthi nyeselaken *konsonan* F saha aksara swanten ing saben wanda tembung ingkang dipunginakaken.

Tuladha : aku = afakufu,

sekolah = sefekofolafah.

2. *Slang* ingkang awujud tembung ingkang wanda pungkasanipun dipungantos mawi wanda sye.

(Sumarsono, 2008: 151) ngancik taun sewidakan wonten wujud *slang* sanes.

Ing saben tembung dipunpendhet wanda wiwitanipun, lajeng wanda pungkasanipun dipunicali saha dipungantos mawi wanda sye.

Tuladha: kunci = kunsye,

tambah = tamsye.

3. Basa walikan Malang

(Sumarsono, 2008: 152) kirang langkung taun 1960 *slang* dipunginakaken ing Malang saha nyebar ing masarakat *umum*. Kadhapuk kanthi cara maos tetembunganipun ingkang dipunurutaken saking wingking mangajeng.

Tuladha: rek = ker,

mangan = nangam.



#### 4. Basa dagadu

Ing Ngayogyakarta wonten *slang* ingkang kadhapuk kanthi cara malik aksara jawanipun. Aksara Jawa dipunpantha dados sekawan larik. Urutaning larik inggih menika larik setunggal dipunjumbuhaken kaliyan larik kaping tiga, dene larik kaping kalih dipunjumbuhaken kaliyan larik kaping sekawan (Rosmadi, 2006: 15).

Tuladha : atos = pagob,

Mas = dab.

#### 5. Basa walikan ing Pacitan

Ing Kecamatan Ngadirejo Pacitan ugi wonten basa walikan ingkang awujud aksara Jawa. Cara anggenipun malik inggih menika aksara Jawa ingkang dipunwaos saking kiwa dipunjumbuhaken kaliyan aksara Jawa ingkang dipunwaos saking tengen.

Tuladha : sarapan = jagalath,

madhang = kawah.

#### 6. Basa walikan ing Jawa Tengah

*Slang* awujud basa walikan ugi dipunginakaken ugi dening kawula mudha ing Jawa Tengah. Danandjaja (1985: 24) cara anggenipun dhapuk kanthi malik aksara *konsonan* ing tembungipun. Aksara *konsonan* ing wanda sepisan dipunwalik dados aksara *konsonan* ing wanda kapindho, saha sawalikipun aksara *konsonan* wanda kapindho dipunwalik dados aksara *konsonan* wanda sepisan.

Tuladha : kowe = woke, sapu = pasu.

7. *Slang* ingkang tembungipun dipunseseli wanda se-

Rikala jaman rumiyin, wanita *tuna susila* ing Jawa Tengah ugi ngginakaken *slang*. Wujuding tembung kadhapak saking wanda se- ingkang dipunseselaken ing saben wanda tembungipun. Wanda se- dipunseselaken sabibaripun wanda ing tembung aslinipun (Danandjaja, 1985: 23).

Tuladha: kowe = kosewese,

          turu = tuseruse.

8. *Slang* ingkang awujud tembung ingkang dipunseseli wanda in-

Para *gay* ing Jakarta ngginakaken *slang* ing tetembungan Indonesia saha Daerah. Danandjaja (1985: 23) nyerat cara anggenipun ndapuk inggih menika muwuhi seselan in- ing saben wanda ingkang dipunpocapaken.

Tuladha : banci = binancini,

          pira = pinirina.

9. *Singkatan*

Endraswara (2010: 41) ngandharaken bilih basa *rakyat* ingkang awujud *singkatan* ugi kalebet *slang*.

Tuladha : jan nganti PCDS (PeCah enDhaSe);

          lara BAKMI (Bosenan, Aras-arsen, Keset, Micekan, Isinan);

          saiki dadi wong TOP (Tuwo Ompong Perot).

10. *Slang* ingkang awujud tembung ingkang dipunwuwuhi ater-ater si-

Wujud menika asring dipunginakaken dening *gay* saha *waria* ing Jawa timur. Cara anggenipun ndapuk kanthi muwuhi ater-ater si- ing sangajenging wanda sepisan tembungipun ingkang sampun dipunperang dados kalih, wujuding

tembung *slang* menika kedah dipunpungkasi mawi aksara *konsonan* (Siregar, 2013: 13).

Tuladha : wedok = *siwed*,

kertu = *siker*.

*Slang* minangka basa ingkang dipunginakaken kangge piranti wawan pirembakan gadhah piguna tertamtu. Rahayu ing Librianthi (2011) ngandharaken paedahing *slang* kados ing ngandhap menika.

1. Ndamel segering swasana.

Poerwadarminta (1939: 552) seger ateges 1) krasa enak asumyah luwih-luwih pangrasa ing lathi utawi badan; 2) katon waras luwih-luwih badan, tetuwuhan. Poerwadarminta (1939: 584) swasana ateges hawa. Ndamel segering swasana ateges *slang* dipunginakaken kangge ndamel swasana ingkang dipunlampahi nalika pawicantenan dados krasa kepenak.

2. Ndadosaken lucu.

Miturut Poerwadarminta (1939: 280) lucu inggih menika 1) njalari gemuyu, cucut; 2) pacelathon prakara sing nganeh-nganehi. Ndadosaken lucu inggih menika daya upaya kangge njalari gemuyu kanthi pacelathon ingkang nganeh-nganehi. Basa ingkang lucu ing *slang* nedahaken kreatifitasipun tiyang ingkang ngginakaken.

3. Ngandharaken Pasemon

Poerwadarminta (1939: 475) pasemon inggih menika 1) wanguning praen, polatan 2) salah tingkah utawi tetembungan ingkang dianggo nyemoni (aweh sasmita) 3) crita lan sapanunggalanipun kang dianggo pepadon (upama)

kayata semu. Pasemon asring dipunginakaken kanthi ancas nguda raos kanthi boten langsung dhateng kanca sanesipun. Pasemon dipunginakaken amargi kabiji langkung tumuju ing manahipun tiyang nalika nguda rasa.

4. Ndamel sesambetan dados langkung akrab

Poerwadarminta (1939: 6) akrab inggih menika kulawarga, sanak-sanak sedulur. *Slang* dipunginakaken supados sesambetan antawisipun tiyang setunggal kaliyan sanesipun dados akrab. Mawi basa ingkang sami, mapinten-pinten tiyang saged gadhah rasa ingkang sami inggih menika rasa setunggal kulawarga.

5. Nyingidaken sawijining prakawis

(Poerwadarminta, 1939: 365) nyingid ateges ndhelikake. Prakawis inggih menika: 1) kang dadi rembug (pasulatan, padudon); 2) bab ingkang dipunrembug; 3) apa – apa kang kalakon; 4) pasulayan (Poerwadarminta, 1939: 509). Nyingidaken sawijining prakawis inggih menika prakawis tertamtu dipundhelikake supados boten dipunmangertosi dening tiyang sanes. Adatipun, *slang* namung dipunginakaken ing klompok tertamtu saengga *slang* saged dados *sandi* ing klompok kasebut. Sasanesipun menika, *slang* ugi dipunginakaken mawi tembung tertamtu supados *konsep* nyingidaken sawijining prakawis saged kalampahan.

6. Ndamel tetembungan ingkang dipunanggep kasar supados dados langkung alus.

Mawi *slang*, tiyang ingkang asring micara tetembungan ingkang dipunanggep kasar saged kasamaraken dados basa ingkang langkung alus. Awit basanipun

ingkang boten kasar ananging awujud basa ingkang alus, mupangat sanesipun nalika ngginakaken tetembunganipun inggih menika boten nglarani manahipun liyan.

7. Nedahaken solah bawa saha pangrasaning manah

*Slang* saged dipunginakaken kangge nedahaken solah bawa saha pangrasaning manah kadosta rasa seneng, kasmaran, pegel, kesel, lsp. Kadangkala solah bawa saha pangrasaning manah tertamtu angel dipunandharaken kanthi langsung, awit ananing rasa isin saha rasa boten tega, saengga dipunpadosi tetembungan ingkang mligi ingkang saged nedahaken solah bawa saha pangrasaning manah menika. *Slang* saged dipunginakaken kangge nedahaken solah bawa saha pangrasaning manah antawisipun setunggal tiyang dhateng tiyang sanesipun ingkang gadhah gandheng ceneng ingkang rumaket saha ngginakaken *slang* ugi.

8. Nedahaken peranganing klompok *sosial* tertamtu.

Poerwadarminta (1939: 611) nyerat, nedahaken inggih menika 1) diwenehi weruh; 2) dikatonake supaya dideleng. Tegesing perangan inggih menika 1)peprincen 2) bagean 3) pepanthan utawi golongan kang kaping (telu,papat,lsp) (Poerwadarminta, 1939: 481). Nedahaken peranganing klompok *sosial* tertamtu ateges wujud *slang* ingkang maneka werni saged nedahaken tiyang ingkang ngginakaken dados salah sawijining peprincen klompok *sosial* tertamtu menika.

9. Ndadosaken maneka wernaning basa

Poerwadarminta (1939: 290) maneka warna inggih menika warna – warna, rupa-rupa. Poerwadarminta (1939: 32) basa inggih menika 1) tembung (pangucap) 2) sarana ginawe medharake gagasan awujud kaklompokane tembung-tembung. Ndadosaken manekawernaning basa ateges dadosaken basa langkung kathah ragamipun.

10. Ngandharaken panyaruwe utawi *kritik*

Sugono (2008: 761) *kritik* inggih menika *kecaman* ingkang kadangkala dipuntambah andharan saha pangraos ingkang sae menapa pangraos ingkang boten sae saking karya, prakawis, pamanggih, lsp. Tembung ngandharaken panyaruwe utawi *kritik* ateges ngandharaken kritikanipun ing sangajenging masarakat wiyar. Solah bawa menika saged ndamel drajating tiyang ingkang dipunkritik dados langkung mangandhap, awit saking menika nalika paring panyaruwe, dipunandharaken kanthi wujud *slang* supados tiyang ing sanjawining *konteks* kasebut boten mangertos.

**a. Tembung *Slang***

Saben *tuturan* kasusun saking *satuan-satuan*. *Satuan satuan* kasebut ngandhut makna *leksikal* utawi makna *gramatikal*. (Ramlan, 1987: 28) *Satuan-satuan* kasebut awujud *morfem*, tembung, *frase*, *klausa*, ukara, saha wacana. Mulyana (2006:5) ngandharaken *Morfem* kaperang dados *morfem terikat* saha *morfem bebas*. *Morfem terikat* inggih menika *morfem* ingkang boten saged madek piyambak, nembe gadhah artos menawi dipungabung kaliyan wujud sanesipun, tuladhanipun di-,an, sa-, e utawi *morfem terikat* menika asring kasebat mawi *afiks*.

*Morfem bebas* inggih menika *morfem* ingkang saged madek piyambak dados tembung, tuladhanipun: *bener* saha *gandheng*.

*Slang* asring dipunwuwuhi *afiks*. *Afiks* ingkang wonten ing ngajeng dipunsebat ater-ater, wuwuhan ing tengah namanipun seselan, saha wuwuhan ing wingking namanipun panambang sarta wuwuhan ingkang sareng ngraketipun dipunwastani *konfiks* (Nurhayati, 2006: 71). “Ater-ater awujud n-, m-, ng-, ny-, dak/tak, kok/tok, di-, ka-, ke-, a-, aN-, paN, ma-, me-, sa-, pa-, pi-, pra-, tar-, kuma-, kami-, saha kapi-. Seselan awujud in-, um-, er-, saha el-. Wujuding panambang inggih menika -i, -ake, -a, -en, -na, -ana, -an, sarta -e. Wujuding *konfiks* inggih menika ka-/an, ke-/an, ke-/en, N-/i, N-/ake, N-/na, paN-/an, paN-/e, pa-/an, pi-/an, pra-/an, tak-/ane, tak-/e, tak-/i, tak-/na, tak-/ana, tak-/a, kok-/i, kok-/ake/ke, kok-/a, kok-/na, kok-/ana, di-/i, di-/ake, kami-/en, kami-/an, sa-/e, saha -in/ -an” (Nurhayati, 2006: 71-86) .

*Proses* wuwuhan *slang* dipunginakaken kanthi dipunsengaja dening panuturipun *slang*. Wuwuhan ingkang arupi *afiks* gadhah ancas kangge nyingidaken tetembunganipun. Panutur ndadosaken dolanan tetembunganipun kanthi malik utawi nggeser fonemipun. Wujuding *afiks* ingkang kawuwuhan ing tembung *slang* wonten ingkang ewah saha wonten ingkang boten ewah, prakawis menika jumbuh kaliyan sistem ing swanten saha tiyang ingkang ngginakaken.

## 5. Basa Jawi Walikan

Basa jawi walikan inggih menika salah sawijining wujud *slang* ingkang dipunginakaken masarakat Jawi. Tembung walikan kasusun saking tembung walik saha panambang an. Walik tegesipun 1) raen utawi lumah kang ana ing sisih

liyane utawi ngisore 2) sing ana ngisor diingser ana ing nduwur (Poerwadarminta, 1939: 654). Basa Jawi walikan wonten ingkang kadhapuk saking aksara *latin* ugi wonten ingkang kadhapuk mawi aksara Jawa. Peranganing basa Jawi walikan badhe kaandharaken kanthi rinci ing ngandhap menika.

1. Basa walikan ingkang kadhapuk kanthi cara ngewahi urutaning aksara *latin* ing tembung basa Jawi.

a. Basa Jawi walikan ingkang kadhapuk kanthi cara maos tembungipun saking wingking tumuju ngajeng. Uruting aksara ingkang wonten ing salebeting tembung dipunwalik saha dipunwaos kanthi boten wonten ewah – ewahan. Basa walikan menika dipunginakaken dening warga Malang.

Tuladhanipun : a-r-e-k → k-e-r-a,

m-a-l-a-n-g → n-g-a-l-a-m.

b. Basa Jawi walikan ingkang cara anggenipun ngrakit kanthi cara malik aksara *konsonan* ing salebeting tembungipun. Aksara *konsonan* ing wanda ngajeng dipunwalik dados aksara *konsonan* ing wanda wingking. Basa walikan menika dipunginakaken dening warga ing Jawa Tengah.

Tuladhanipun : s-a-t-u-s → t-a-s-u-s,

*p-i-r-a* → *r-i-p-a*

2. Basa walikan ingkang kadhapuk kanthi cara ngewahi urutaning aksara Jawa ing tembung basa Jawi.

a. Basa Jawi walikan ing Kecamatan Ngadirejo Pacitan awujud basa jawi ingkang kadhapuk saking aksara Jawa. Aksara Jawa ingkang kawaos saking kiwa dipungantos aksara jawa ingkang kawaos saking tengen. Saged



dipuntingali kados ing ngandhap menika. Tuladha saking wujuding basa Jawi walikan menika:

1. madhang → kawah.

Tabel.1 cara malik basa Jawi walikan ing Kecamatan Ngadirejo Pacitan

Uruting aksara Jawa saking kiwa																			
ha	Na	ca	ra	ka	Da	ta	sa	Wa	La	Pa	Dha	Ja	ya	nya	ma	ga	ba	tha	Nga
Uruting aksara Jawa saking tengen												2	1					3	
nga	Tha	ba	ga	ma	nya	ya	ja	Dha	Pa	La	Wa	Sa	Ta	da	ka	ra	ca	Na	Ha

b. Basa Jawi walikan ing Ngayogyakarta ingkang cara anggenipun ndapuk kanthi nata aksara jawa ingkang cacahipun kalih dasa dados sekawan larik. Larik sepisan inggih menika: ha, na, ca, ra, saha ka. Larik kapindho inggih menika da, ta, sa, wa, la. Larik kaping tiga inggih menika pa, dha, ja, ya, nya, dene larik kaping sekawan inggih menika aksara ma, ga, ba, tha, nga. Anggenipun ngrakit kanthi njumbuhaken larik sepisan kaliyan larik kaping tiga, dene larik kapindho dipunjumbuhaken kaliyan larik kaping sekawan. Saged dipuntingali kanthi tuladha ing ngandhap.

1. Atos = pagob

Tabel.2 cara malik basa Jawi walikan ing Yogyakarta

Ha	Na	Ca	Ra	Ka	1
Da	Ta	Sa	Wa	La	2
Pa	Dha	Ja	Ya	Nya	3
Ma	Ga	Ba	Tha	Nga	4

Wujuding basa Jawi walikan ingkang dipunandharaken ing inggil (bab basa Jawi walikan) dipundadosaken sandharan kangge ngandharaken basa jawi walikan ing Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan. Ewasemanten, basa Jawi walikan ing Dhukuh Gandon gadhah kekhasan ingkang beda kaliyan wujud – wujud saderengipun. Kekhasanipun basa jawi walikan ing Dhukuh Gandon menika ingkang narik kawigaten. Kekhasanipun menika katingal saking wujuding basa Jawi walikan ing Dhukuh Gandon ingkang boten sami kaliyan wujud - wujud saderengipun.

## **B. Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan**

Dhusun Balegondo ingkang dhumawah kirang langkung 1 *km* saking pusating Kitha Magetan kanthi wiyaripun 241.504 ha kaperang dados sekawan Dhukuh. Peranganipun inggih menika Dhukuh Gandon, Dhukuh Kuyangan, Dhukuh Alastuwo saha Dhukuh Babadan. Dhukuh Gandon dipunkubengi dening Dhukuh-Dhukuh ing satekliweripun. Ing sisih eler kasisihan kaliyan Dhukuh Alastuwo. Ing sisih kidul kasisihan kaliyan Dhusun Baleasri. Ing sisih kilen kasisihan kaliyan Dhukuh Kuyangan saha ing sisih wetan kaliyan Dhusun Ngariboyo.

Dhukuh Gandon kaperang dados kalih RW (Rukun Warga) saha sekawan RT (Rukun Tetangga) ingkang cacahing warganipun kirang langkung 1029. Padamelanan warganipun inggih menika dados tani, bakul, buruh, PNS, lan liya liyanipun.

### C. Panaliten ingkang jumbuh

1. “*Basa walikan bahasa Jawa di kecamatan Ngadirejo, kabupaten Pacitan (suatu kajian sosiolinguistik)*” dipuntliti dening Wahyu Octaryza Librianti taun 2011. Panaliten menika ngrembag wujuding tembung basa Jawi walikan ingkang dipunginakaken ing Kecamatan Ngadirejo Kabupaten Pacitan, jinising tembung ingkang dipunginakaken ing Kecamatan Ngadirejo Kabupaten Pacitan, saha paedahing basa Jawi walikan ingkang dipunginakaken dening warga ing Kecamatan Ngadirejo Kabupaten Pacitan.
2. “*Ragam bahasa walikan dalam bahasa Jawa (analisis sosiolinguistik)*” ingkang dipuntliti dening Ani Rosmadi taun 2006. Panaliten menika ngrembag pangertosan basa walikan, sejarahipun, cak-cakaning basa Jawi walikan nalika dipunginakaken, sarta paedahing *ragam* basa Jawi Walikan. Panaliten menika ngrembag kanthi *umum ragam* basa Jawi walikan, mliginipun ing Ngayogyakarta saha sathekliperipun. Panaliten menika boten ngandharaken kawontenaning basa walikan sanes sing panggenan sanesipun.
3. “*Penggunaan bahasa slang pada kelompok Arema-YO (tinjauan sosiolinguistik)*” dipuntliti dening Dwi Prihartini taun 1998. Panaliten menika ngrembag wujuding *slang* ingkang dipunginakaken, bab-bab ingkang ndayani nalika dipunginakaken, saha titikanipun *slang* ingkang dipunginakaken klompok Arema-YO. Panaliten menika ngrembag basa walikan ingkang dipunginakaken ing klompok pakempalan *mahasiswa* ingkang anggotanipun ngudi kawruh ing *universitas –universitas* ing Ngayogyakarta.

Panaliten ing inggil, dipunanggep relevan kaliyan panaliten menika, awit panaliten – panaliten kasebut ngrembag *slang* mliginipun basa Jawi walikan ingkang dipunginakaken ing mapinten-pinten panggenan ing pulo Jawa. Wujuding *slang* ingkang dipunrembag ing panaliten –panaliten ing nginggil beda kaliyan panaliten menika. Panalitenipun Wahyu Octariza Librianti ing taun 2011 nлити basa walikan ing Kabupaten Pacitan, panalitenipun Nur Ani Rosmadi ngrembag basa walikan ing Ngayogyakarta, dene panalitenipun Dwi Prihartini ing klompok Arema–YO. Prakawis ingkang dipunrembag ugi beda kaliyan panaliten ing inggil, inggih menika wujuding basa jawi walikan saha cak-cakanipun basa jawi walikan ing Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan.

Irah-irahan panaliten menika “Basa Jawi walikan ing Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan”. Panaliten menika badhe ngrembag wujuding saha cak-cakanipun basa Jawi walikan ing masarakat Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan. Cak-cakaning basa Jawi walikan dipundhukung dening *konteks* pawicantenan saha paedahing *slang*. Paedahing *slang* inggih menika ndamel segering swasana, ndadosaken lucu, ngandharaken pasemon, ndamel sesambetan dados langkung akrab, nyingid sawijining prekawis, ndamel tetembungan ingkang dipunanggep kasar supados dados langkung alus, nedahaken solah bawa saha pangrasaning manah, nedahaken peranganing klompok *sosial* tertamtu, ndadosaken maneka wernining basa, saha ngandharaken panyaruwe utawi *kritik*.

Panaliten menika dipundayani ugi dening panaliten-panaliten ingkang jumbuh ing inggil.

#### **D. Nalaring Pikir**

*Sosiolinguistik* inggih menika pirembaran *interdisipliner* antawisipun *linguistik* saha *sosiologi*. *Sosiolinguistik* ngemot *ragam* basa saha pigunanipun basa ing masarakat. *Ragam* basa karinci dados mapinten-pinten perangan. Peranganing *ragam* basa kasebut inggih menika:

1. *Ragam* basa ingkang dipundayani dening bab *geografis (dialek)*
2. *Ragam* basa ingkang dipundayani dening bab *sosial (sosiolek)*
3. *Ragam* basa ingkang dipundayani dening bab *situasional (fungsiolk)*
4. *Ragam* basa ingkang dipundayani dening bab *wekdalipun (kronolek)*

Salah satunggal wujuding *ragam* basa ingkang dipundayani dening bab *sosial* inggih menika *slang*. *Slang* inggih menika *ragam* basa ingkang dipunginakaken dening kawula mudha utawi kawula tuwa ingkang asipat mligi, nyingidaken, saha *temporal*. Wujuding *slang* wonten maneka werni, kadosta : 1) *slang* ingkang awujud tembung ingkang dipunseseli konsonan V saha aksara swanten; 2) *slang* ingkang awujud tembung ingkang wanda pungkasanipun dipungantos mawi wanda sye; 3) basa walikan Malang; 4) basa dagadu; 5) basa walikan ing Pacitan; 6) basa walikan ing Jawa Tengah; 7) *slang* ingkang awujud tembung ingkang dipunseseli wanda se- ; 8) *slang* ingkang awujud tembung ingkang dipunseseli wanda in; 9) *slang* ingkang awujud tembung ingkang dipunwuwuhi ater-ater si; 10) *singkatan*.

Wujuding *slang* ingkang kawentar ing masarakat jawi, salah satunggalipun inggih menika basa Jawi walikan. Basa Jawi walikan saged dipunperang dados kalih inggih menika basa Jawi walikan ingkang kadhapak kanthi cara malik urutaning aksara Jawa saha basa Jawi walikan ingkang kadhapak kanthi cara malik aksara latinipun.

Basa Jawi walikan ing Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan kalebet basa Jawi walikan ingkang wujudipun beda kaliyan wujuding basa Jawi walikan sanesipun, basa Jawi walikan ing Dhukuh Gandon cara anggenipun dhapak kanthi malik aksara latinipun. Sasanesipun dipunwalik, basa Jawi walikan ing Dhukuh Gandon ugi dipunwuwuhi aksara tertamtu. Wujudipun ingkang *unik* saha khas dereng dipunpanggihaken ing panggenan sanes.

Inkang miwiti ngginakaken basa Jawi walikan ing Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan inggih menika klompok bakul obat ingkang dhumawah ing Dhukuh kasebut. Ing wekdal samenika, basa Jawi walikan ugi dipunginakaken dening kawula mudha Dhukuh Gandon. Lestantunipun basa jawi walikan dipundhasari dening kabutuhaning warga kangge njangkepi paedah tertamtu. Cak-cakanipun basa Jawi walikan gadhah paedah ingkang jumbuh kaliyan paedahing *slang*.

### **BAB III CARA PANALITEN**

#### **A. Jinising Panaliten**

Jinising panaliten inggih menika panaliten *deskriptif*. Panaliten nggambaraken *fakta-fakta* kanthi boten mbiji lepat menapa leresipun, ananging ngandharaken kanthi menapa wontenipun (Sudaryanto, 1988: 62). Prakawis ngengingi basa Jawi walikan ingkang dipunandharaken ing panaliten inggih menika wujuding basa Jawi walikan saha cak-cakanipun basa Jawi walikan ingkang dipunginakaken dening warga Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan.

#### **B. Subjek, Objek saha Data Panaliten**

*Objek* panaliten inggih menika *tuturan* ingkang ngemot tembung basa Jawi walikan ing Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan. Tembung basa Jawi walikan ingkang dados *data* panalitenipun. *Objek* panaliten dipundhukung ugi dening *konteks* pawicantenan. Kanthi *konteks* menika saged dipuntingali cak-cakanipun basa Jawi walikan nalika pawicantenan ing masarakat.

Panutur ingkang ngandharaken basa Jawi walikan ingkang dipundadosaken *subjek* panaliten. Panuturipun inggih menika warga Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan mliginipun warga ingkang ngginakaken basa Jawi walikan.

### C. Wekdal saha Panggenan Panaliten

Panaliten dipunwiwiti tanggal 5 Maret 2013 dumugi tanggal 4 April 2013. Panggenan panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan. Basa Jawi walikan ing Dhukuh kasebut taksih dereng kawentar dening masarakat ing sanjawining Dhukuh Gandon. Dhukuh Gandon ingkang taksih kalebet Dhusun Balegondo ingkang dhumawah ing Kecamatan Ngariboyo ingkang wiyaripun kirang langkung 241.504 ha saha cacahing warganipun kirang langkung dumugi 4.346 jiwa kanthi 1.308 kepala kulawarga.

### D. Cara Ngempalaken *Data*

Cara ngempalaken *data* ing panaliten menika ngginakaken *metode* simak. Dipunsebat *metode* simak awit dipunlampahi mawi cara nyemak *informan* anggenipun ngginakaken basa (Chaer, 2007:96). Anggenipun ngginakaken *metode* simak dipunjangkepi ugi mawi *teknik sadap*. Panaliti nyadap sedaya pawicantenan saking *subjek* panaliten (Sudaryanto, 1993:133). *Teknik sadap* ingkang dipunginakaken inggih menika *teknik simak libat cakap* saha *teknik simak bebas libat cakap*.

*Teknik simak libat cakap* boten sami kaliyan *wawancara*. Panaliti urun rembug saha nyemak ing pawicantenan kanthi cara nyuwun pirsu dhateng panutur ngginakaken basa Jawi walikan supados panuturipun ugi ngginakaken basa Jawi walikan kanthi *konteks* tertamtu. *Teknik simak libat cakap* dipunginakaken kangge ngempalaken *data* ngengingi cak-cakanipun basa Jawi walikan ingkang dipunginakaken dening warga Dhukuh Gandon Dhusun



Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan. Menawi *teknik simak bebas libat cakap* Panaliti namung nggatosaken pawicantenan ingkang dipunandharaken dening panutur basa Jawi walikan tanpa urun rembug ing pawicantenan kasebut. *Teknik* menika dipunginakaken kangge mangertosi wujuding basa Jawi walikan ing Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan. Panaliten ing lapangan dipunpungkasi menawi *data* sampuh jenuh. Sampun boten kapanggihaken malih *data* ingkang enggal.

Cara anggenipun ngempalaken *data* dipunlajengaken kanthi cara ngrekam saha cara nyathet. Nalika nyemak pawicantenan, panaliti ugi ngrekam pawicantenan kasebut. Saking asiling ngrekam, *data* saha *konteks* pawicantenan dipuncatet ing kertu *data*. Cara ngrekam saha nyathet *data* gadah ancas supados langkung gampang anggenipun nganalisis *data*.

#### **E. Pirantining Panaliten**

Piranti panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika panaliti piyambak. Moleong (2001: 121) panaliti minangka pirantining panaliten dados piranti kangge ngempalaken *data*. Ing perangan menika, panaliti dados panyemak saha pamilihing ukara-ukara ingkang saged dipunginakaken dados *data*, sasanesipun menika panaliti ugi saged nemtokaken *subjek panaliten*.

Ing lapangan, panaliti dipunbantu dening mapinten-pinten sarana antawisipun piranti ngrekam ingkang wonten ing *handphone* sarta kertu cathet *data*. Pamilihing piranti ngrekam ingkang wonten ing *handphone*, saged nggampilaken panaliti anggenipun ngrekam supados boten dipunmangertosi kagiyatan ngrekam menika dening *subjek* panaliten. Asiling ngrekam dipunserat

ing kertu cathet *data* supados gampang anggenipun nganalisis *data*. Wujuding kertu *data* ingkang dipunginakaken kados ing ngandhap menika.

Tabel 3. Wujuding kertu *data*

Ukara	Heh, sing <i>owa duneng</i> ke <i>oncas monong</i> , <i>onyar anang</i> jare wong-wong.
<i>Konteks</i>	Pawicantenan kanthi bisik-bisik antawisipun warga ingkang tasih cerak dalemipun, dipunginakaken kangge ngandharaken tiyang ingkang kagungan thuyul.
Basa walikan	1) <i>owa duneng</i> , 2) <i>oncas monong</i> , 3) <i>onyar anang</i>
Asaling basa	1) <i>duwe</i> , 2) <i>moncos</i> , 3) <i>anyar</i>
Cak-cakanipun	Ngingidaken sawijining perkawis

#### F. Cara Nganalisis *Data*

Cara nganalisis *data* ingkang dipunginakaken inggih menika cara *deskriptif*. Panaliti ngandharaken wujuding saha cak – cakanipun basa Jawi walikan. Cara nganalisis *data* ingkang wonten ing panaliten saged dipuntingali wonten in ngandhap menika.

1. *Kategorisasi*, inggih menika *data* dipunpantha-pantha saha dipunidentifikasi adhedhasar wujuding basa Jawi walikan.
2. Wujuding basa Jawi walikan dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenanipun kangge nganalisis cak – cakanipun basa Jawi walikan.
3. *Tabulasi*, inggih menika ngandharaken *data* ingkang dipuntliti wonten ing *tabel*.
4. Ngandharaken asiling nganalisis *data* lajeng saking asiling menika saged dipunpendhet dudutanipun.

Kajawi cara nganalisis *data* ing inggih menika, *tabel* nganalisis *data* badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

Tabel 4. Wujuding tabel nganalisis *data*

No	Ukara	Wujuding basa Jawi walikan		Tem bung asalipun	Cak-cakaning basa Jawi walikan						Indikator	Katrangan
		<i>Tipe</i>	Tem bung		Lucu	Pasemon	Nyngidaken	Ngalusaken	Pangrasa	Panyaruwe		
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13
1	Heh, sing <i>owa duneng ke oncas monong.</i>	1	Owa dune ng	duwe			√				Dipun ginaken dening warga kanthi bisik-bisik,	- Du-we → we-du - O + we→wa (spasi) du + N + aksara e + NG

### G. Cara Ngesahaken *Data*

Bungin (2012: 58) ngandharaken cara ngesahaken *data* dipunginakaken kangge mriksani sah menapa botenipun *data* (*validitas*) saha *keterandalaan alat ukur* utawi pirantining panaliten. Cara ngesahaken *data* ingkang dipunginakaken inggih menika.

#### 1. *Triangulasi data* (sumber).

(Setiyadi, 2006: 31) *triangulasi* dipunginakaken kangge ndamel dudutan ingkang langkung *akurat* saha dipunginakaken kangge nyocokaken *data*. *Data* ingkang dipunasilaken dipunjumbuhaken kaliyan *data* sanes ingkang sami wujudipun, saengga ngasilaken *data* ingkang *sahih* inggih menika *data* ingkang

asring dipunpanggihi. Nalika nliti, tembung-tembungipun kedah trep kaliyan *konteks* pawicantenan. Panaliti ugi nyuwun pirsu dhateng *subjek* panaliten supados nyocokaken *data* ingkang dipunpanggihaken. Panaliti nyocokaken dhateng *subjek* panaliten ingkang ngandharaken tembung kasebut saha panutur sanesipun kangge ngecek anggenipun nliti panaliti sampun leres.

Tuladha: O<sub>2</sub> : “la sing *oya bineng*? Biyen kan ya kana ta?”  
           ‘la sing biyen? Biyen kan ya kana ta?’  
 O<sub>1</sub> : “*opa sanang* sing nggolekne?”  
           ‘sapa sing nggolekne?’  
 O<sub>3</sub> : “*ogak onang* pak.”  
           ‘ogak pak’

## 2. Perpanjangan keikutsertaan

Panaliti kanthi *aktif* nambah wekdal anggenipun ngempalaken *data*. Kanthi *perpanjangan keikutsertaan derajat kepercayaan data* ingkang dipunkempalaken saged langkung manginggil (Bungin, 2012: 60). Panaliti nyinau solah bawa *subjek* panaliten supados panaliti langkung *komunikatif* kaliyan subjekipun. Panaliti ugi langkung gampang anggenipun niti *data* ingkang jelas saha *akurat*.

## 3. Sregep anggenipun ngamati

Sregep anggenipun ngamati gadhah ancas supados *data* ingkang kapanggihaken langkung gamblang. Kahanan menika nggampilaken panaliti manggihaken wujud saha cak-cakanipun basa Jawi walikan ingkang dipunginakaken *subjek* panaliten.

**BAB IV**  
**ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN**

**A. Asiling Panaliten**

Adhedhasar *data* ingkang kapanggihaken dening panaliti, badhe kaandharaken wujuding saha cak-cakanipun basa Jawi walikan ing Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan. Langkung cetha malih kaandharaken ing ngandhap menika.

*Tabel 5.* Wujuding saha Cak-cakanipun Basa Jawi Walikan ing Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan.

No.	Wujuding Basa Jawi Walikan	Cak-cakaning Basa Jawi Walikan	<i>Indikator</i>
1	2	3	4
1.	Wujud 1: basa Jawi walikan ingkang wanda sepisanipun boten sigeg saha kadhapuk saking tembung 2 wanda kanthi wuwuhan (O), (N), saha (NG)	Nedahaken solah bawa saha pangrasaning manah	<p>“ora <i>ona nganang, oka anung osan ining.</i>” (<i>data 37</i>)  ‘ora ngana, aku isin.’</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- <i>osan ining</i> ‘isin’</li> <li>- (i) – (sin) → (sin) – (i)</li> <li>- wuwuhan (O) + wanda (sin → san) (spasi) aksara (i) + wuwuhan (N) + aksara swanten wanda kaping kalih tembung asalipun: (i) + (NG)</li> </ul>
2.	Wujud 2: basa Jawi walikan ingkang wanda sepisanipun sigeg saha kadhapuk saking tembung 2 wanda kanthi wuwuhan (O), (N), saha (NG)	Nyingidaken sawijining prekawis	<p>“Heh sing <i>owa duneng ke oncas monong, onyar anang jare wong-wong</i>” (<i>data 1</i>)  ‘heh, sing duwe ke moncos, anyar jare wong-wong’</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- <i>Oncas monong</i> ‘moncos’</li> <li>- (Mo) - (ncos) → (ncos) – (mo)</li> <li>- wuwuhan (O) + aksara pungkasan wanda sepisan tembung asalipun (n) + wanda (cos → cas) (spasi) wanda (mo) + wuwuhan (N) + aksara swanten wanda kaping kalih tembung asalipun : (o) + (NG)</li> </ul>

Tabel Salajengipun

1	2	3	4
3.	Wujud 3: basa Jawi walikan ingkang wanda sepisanipun boten sigeg saha kadhapuk saking tembung 3 wanda kanthi wuwuhan (O), (N), saha (NG)	Ngandharaken pasemon	<p>“jarene dadi <i>orat prajuning?</i> <i>okak ngronong</i> barang ta?” (data 97)  ‘jarene dadi prajurit? Ngrokok barang ta?’</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- <i>orat prajuning</i> ‘prajurit’</li> <li>- (praju) – (rit) → (rit) – (praju)</li> <li>- Wuwuhan (O) + wanda (rit→rat) (spasi) wanda (praju) + wuwuhan (N) + aksara swanten ing wanda katiga tembung asalipun : (i) + (NG)</li> </ul>
4.	Wujud 4: wujud 1 dipunwuwuhi ater – ater	Ngandharaken panyaruwe	<p>“mbok <i>diota tanang</i>, aku wong wedok no mak <i>owar slineng</i> liwat langsung wegah” (data 81)  ‘mbok ditata,aku wong wedok no mak sliwer liwat langsung wegah’  <i>diota tanang</i> ‘ditata’</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- (di) – (ta) – (ta) → (di) – (ta) – (ta)</li> <li>- (di) + wuwuhan (O) + wanda (ta) (spasi) wanda (ta) + wuwuhan (N) + aksara swanten ing wanda kaping kalih tembung asalipun : (a) + (NG)</li> </ul>
5.	Wujud 5: wujud 2 dipunwuwuhi ater – ater	Ndadosaken lucu	<p>“makane ta mas, <i>ota manang owa kuning</i> ke <i>diombah unang</i> ambek rinso” (data 28)  ‘makane ta mas, mata kuwi ke diumbah ambek rinso’</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- <i>diombah unang</i> ‘diumbah’</li> <li>- (di) – (u) – (mbah) → (di) – (mbah) – (u)</li> <li>- (di) + wuwuhan (o) + aksara pungkasan wanda sepisan tembung asalipun (m) + wanda (bah) (spasi) aksara (u) + wuwuhan (N) + aksara swanten wanda kaping kalih tembung asalipun: (a) + (NG)</li> </ul>
6	Wujud 6:Wujud 1 dipunwuwuhi panambang	Nyingidaken sawijining prekawis	<p>“pirang <i>omar nonengan?</i>”  ‘pirang nomeran?’ (data 55)</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- <i>omar nonengan</i> ‘nomeran’</li> <li>- (no) – (mer) – (an) → (mer) – (no) – (an)</li> <li>- Wuwuhan (O) + wanda</li> </ul>

Tabel Salajengipun

1	2	3	4
			(mer→mar) (spasi) wanda (no) + wuwuhan (N) + aksara swanten ing wanda kaping kalih tembung asalipun : (e) + (NG) + panambang (an)
7.	Wujud 7: Wujud 2 dipunwuwuhi panambang	Ngalusaken tembung ingkang kasar supados dados langkung alus	<p>“<i>ongka bananga</i>” ‘bangkaa’ (data 73)</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- (ba) – (ngka) – (a) → (ngka) – (ba) – (a)</li> <li>- Wuwuhan aksara (O) + aksara pungkasan wanda sepisan (ng) + wanda (ka) (spasi) wanda (ba) + wuwuhan (N) + aksara swanten wanda kaping kalih tembung asalipun : (a) + (NG) + panambang (a)</li> </ul>
8.	Wujud 8: wujud 1 dipunwuwuhi ater – ater saha panambang	Ngandharaken pasemon	<p>“<i>diomang onongi</i> mesthi njawabe” ‘diomongi mesthi njawabe’ (data 83)</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- <i>diomang onongi</i> ‘diomongi’</li> <li>- (di)- (o) – (mong) - (i) → (di) – (mong) – (o) – (i)</li> <li>- (di) + wuwuhan (O) + wanda (mong→mang) (spasi) aksara (o) + wuwuhan (N) + aksara swanten wanda kaping kalih tembung asalipun : (o) + (NG) + panambang (i)</li> </ul>
9.	Wujud 9: wujud 2 dipunwuwuhi ater – ater saha panambang	Nedahaken solah bawa saha pangrasaning manah	<p>“<i>diondar tanungi</i> owa saning kabeh ye?” (data 92) ‘ditanduri sawi kabeh ye?’</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- <i>diondar tanungi</i> ‘ditanduri’</li> <li>- (di) – (ta) – (ndur) – (i) → (di) – (ndur) – (ta) – (i)</li> <li>- (di) wuwuhan (O) + aksara pungkasan wanda sepisan tembung asalipun (n) + wanda (dur→dar) (spasi) wanda (ta) + wuwuhan (N) + aksara swanten wanda kaping kalih tembung asalipun: (u) + (NG) + panambang (i)</li> </ul>

Tabel Salajengipun

1	2	3	4
10	Wujud 10: wujud 1 dipunambah wujud 1	Ngandharaken pasemon	<p>“gayane, <i>osan ining osan ining</i>” ‘gayane, isin-isin’ (data 60)</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- <i>osan ining osan ining</i> ‘isin-isin’</li> <li>- (i)- (sin) → (sin) – (i) + (i)- (sin) → (sin) – (i)</li> <li>- Wuwuhan (O) + wanda (sin → san) (spasi) aksara (i) + wuwuhan (N) + aksara swanten wanda kaping kalih tembung asalipun : (i) + (NG). Wujudipun dipunambali kaping kalih.</li> </ul>
11	Wujud 10: wujud 2 dipunambah wujud 2	Ngandharaken pasemon	<p>“<i>ocar panange okah aneng, onta gening onta gening. Ola janung orang banang jenenge, onak anange</i> bu Yatemi barang.” (data 61)</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- <i>onta gening onta gening</i> ‘genti-genti’</li> <li>- (ge) – (nti) → (nti) – (ge) + (ge) – (nti) → (nti) – (ge)</li> <li>Wuwuhan (O) + aksara pungkasan wanda sepisan tembung asalipun (n) + wanda (ta) (spasi) wanda (ge) + wuwuhan aksara (N) + aksara swanten ing wanda kaping kalih tembung asal: (i) + (NG). Wujudipun dipunambali kaping kalih.</li> </ul>

Saking *data* ing nginggil, saged dipuntingali wujuding basa Jawi walikan ing Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan kaperang dados sewelas wujud. Wujudipun inggih menika wujud 1 (basa Jawi walikan ingkang wanda sepisanipun boten sigeg saha kadhapuk saking tembung 2 wanda kanthi wuwuhan (O), (N), saha (NG)), wujud 2 (basa Jawi walikan ingkang wanda sepisanipun sigeg saha kadhapuk saking tembung 2 wanda kanthi wuwuhan (O), (N), saha (NG)), saha wujud 3 (basa Jawi walikan



ingkang wanda sepisanipun boten sigeg saha kadhapak saking tembung 3 wanda kanthi wuwuhan (O), (N), saha (NG)), wujud 4 (wujud 1 dipunwuwuhi ater - ater), wujud 5 (wujud 2 dipunwuwuhi ater - ater), wujud 6 (wujud 1 dipunwuwuhi panambang), wujud 7 (wujud 2 dipunwuwuhi panambang), wujud 8 (wujud 1 dipunwuwuhi ater - ater saha panambang), wujud 9 (wujud 2 dipunwuwuhi ater - ater saha panambang), tipe 10 (wujud 1 dipuntambah wujud 1), wujud 11 (wujud 2 dipuntambah wujud 2).

Cak-cakanipun basa Jawi walikan inggih menika : nedahaken solah bawa saha pangrasaning manah; nyingidaken sawijining prakawis; ngandharaken panyaruwe; ndadosaken lucu; ngalusaken tembung ingkang kasar supados dados langkung alus; saha ngandharaken pasemon.

## **B. Pirembaganipun**

Saking asiling panaliten, adhedhasar *tabel* wujuding saha cak-cakanipun basa Jawi walikan ing Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan langkung cetha badhe kaandharaken ing pirembagan ngandhap menika.

### **1. Wujud 1: basa Jawi walikan ingkang wanda sepisanipun boten sigeg saha kadhapak saking tembung kalih wanda kanthi wuwuhan (O), (N), saha (NG).**

Gayut kaliyan wujuding saha cak-cakanipun basa Jawi walikan wujud setunggal ingkang kapanggihaken ing panaliten menika, tuladhanipun kados menika.

- (1) O<sub>1</sub>: “Run, Kirun. Ayo *opa ngoning* ning nggone *oya kanang!*”  
 ‘Run, Kirun. Ayo ngopi ning nggone kaya!’  
 O<sub>2</sub>: “gah.”  
 O<sub>1</sub>: “*owa senunge*”  
 ‘sewue’  
 O<sub>2</sub>: “ora *ona nganang, oka anung osan ining.*” (data 37)  
 ‘ora ngana, aku isin.’  
 ...

*Konteks:* kutipan pawicantenan antawisipun Jibol saha Kirun. Jibol ingkang seneng ngopi ngajak kancanipun Kirun minangka salah sawijining prangkat Dhusun ingkang nembe kapilih ngopi ing salah swijining warung kopi. Kirun nolak pangajaking Jibol, awit nguraos isin.

Saking *data* menika *ona nganang* ‘ngana’, *oka anung* ‘aku’, *osan ining* ‘isin’ kalebet basa Jawi walikan wujud ingkang sepisan. Wujudipun inggih menika basa Jawi walikan ingkang wanda sepisanipun boten sigeg saha kadhapuk saking tembung kalih wanda kanthi wuwuhan aksara (O), (N), saha (NG).

*Ona nganang* ‘ngana’ wujudipun kadadosan saking kalih tembung. Tembung sepisan inggih menika *ona*, dene tembung kaping kalihnipun inggih menika *nganang*. Cara anggenipun ndapuk wujud menika kanthi cara malik saben wanda ing tembung asalipun saha dipunwuwuhi aksara (O), (N), (NG) sabibaripun. Tembung asalipun inggih menika tembung isin. Wanda sepisan saking tembung asalipun inggih menika wanda (nga) dipunwalik dados wanda sepisan ing tembung kaping kalih. Wanda kaping kalih ingkang wonten ing tembung asalipun inggih menika wanda (na) dipunwalik dados wanda kaping kalih ing tembung kapisan.

Tembung kapisan karakit saking wuwuhan aksara swanten (O) ingkang dipunlajengaken saking asiling malik wanda kaping kalih tembung asalipun inggih menika wanda (na). Tembung kaping kalih karakit saking asiling malik

wanda kapisan tembung asalipun inggih menika wanda (nga). Kalajengaken wuwuhan aksara (N) saha aksara swanten ing wanda kaping kalih tembung asalipun inggih menika aksara swanten (a) ingkang wonten ing wanda (na). Tembung kaping kalih dipunpungkasi mawi (NG).

Wujud ingkang sami ugi wonten ing tuladha *oka anung* ‘aku’. Wujudipun kasusun saking tembung sepisan inggih menika *oka*, dene tembung kaping kalihnipun inggih menika *anung*. Cara anggenipun ndapuk *oka anung* sami kaliyan tuladha saderengipun, inggih menika kanthi cara malik saben wanda ing tembung asalipun saha dipunwuwuhi aksara (O),(N), saha (NG). Aksara (a) ingkang wonten ing wanda sepisan tembung asalipun dipunwalik dados aksara sepisan ing tembung kaping kalih, saha wanda kaping kalih ingkang wonten ing tembung asalipun inggih menika wanda (ku) dipunwalik dados wanda kaping kalih ing tembung kapisan.

Tembung kapisan karakit saking wuwuhan aksara swanten (O) ingkang dipunlajengaken asiling malik wanda kaping kalih saking tembung asalipun inggih menika wanda (ku). Aksara swanten ing wanda kaping kalih tembung setunggal wujudipun kedah dipunewahi dados aksara swanten (a). Wujuding wanda (ku) ewah dados (ka). Tembung kaping kalih karakit saking asiling malik wanda sepisan tembung asalipun inggih menika aksara (a) ingkang dipunwuwuhi aksara (N) saha aksara swanten ing wanda kaping kalih tembung asalipun. Aksara swanten ing wanda kaping kalih tembung asalipun inggih menika aksara swanten (u). Tembung kaping kalih dipunpungkasi mawi (NG).

Wujud ingkang sami ugi wonten ing tuladha *osan ining* ‘isin’. Wujudipun kasusun saking kalih tembung ugi. Tembung sepisan inggih menika *osan*, dene tembung kaping kalihnipun inggih menika *ining*. Cara anggenipun ndapuk wujud menika ugi sami kaliyan kalih tuladha saderengipun, inggih menika kanthi cara malik saben wanda ingkang wonten ing tembung asalipun saha dipunwuwuhi aksara (O), (N), (NG). Tembung asalipun inggih menika tembung isin. Aksara (i) ing wanda sepisan tembung asalipun dipunwalik dados aksara sepisan ing tembung kaping kalih. Wanda kaping kalih ingkang wonten ing tembung asalipun inggih menika wanda (sin) dipunwalik dados wanda kapisan ing tembung kapisan.

Tembung kapisan karakit saking wuwuhan aksara swanten (O) ingkang dipunlajengaken asiling malik wanda kaping kalih ingkang wonten ing tembung asalipun inggih menika wanda (sin). Aksara swanten ing wanda kaping kalih tembung setunggal wujudipun dipunewahi dados aksara swanten (a). Wujuding wanda (sin) ewah dados (san). Tembung kaping kalih karakit saking asiling malik wanda kapisan saking tembung asalipun inggih menika aksara (i) ingkang dipunwuwuhi aksara (N). Kalajengaken aksara swanten ing wanda kaping kalih tembung asalipun, inggih menika aksara (i) ingkang wonten ing wanda (sin). Tembung kaping kalih dipunpungkasi mawi (NG).

Tuladha basa Jawi walikan ing inggil, menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenanipun, manggihaken cak-cakanipun basa Jawi walikan. Cak-cakanipun basa Jawi walikan ing inggil inggih menika dipunginakaken dening warga ingkang gadhah sesambetan ingkang langkung akrab. Basa jawi walikan menika ugi dipunginakaken kangge nedahaken solah bawa saha pangrasaning

manah. Saged dipuntingali saking pamilihing tembungipun inggih menika “*ora ona nganang oka anung osan ining*” ‘ora ngana, aku isin’. Panutur minangka salah sawijining prangkat Dhusun ingkang nembe kemawo kapilih, nedahaken pangrasa manahipun ingkang isin kanthi nolak pangajaking lawanipun micara.

**2. Wujud 2: basa Jawi walikan ingkang wanda sepisanipun sigeg saha kadhapuk saking tembung kalih wanda kanthi wuwuhan (O), (N), saha (NG).**

Gayut kaliyan wujuding saha cak-cakanipun basa Jawi walikan wujud angka kalih ingkang kapanggihaken ing panaliten, tuladhanipun kados menika.

(2) O<sub>1</sub>: “*heh, sing owa duneng ke oncas monong, onyar anang jare wong-wong*” (*data 1*)

‘heh, sing duwe ke moncos, anyar jare wong-wong!’

O<sub>2</sub>: “*odal kinong kana?*”

‘kidul kana?’

...

*Konteks: kutipan pawicantenan antawisipun Nanang saha Iwan kangge mangertosi tiyang ingkang gadhah thuyul. Nanang paring informasi dhateng Iwan babagan tiyang ingkang gadhah thuyul enggal ing Dhukuh Gandon.*

Saking *data* menika *oncas monong* ‘moncos’ kalebet basa Jawi walikan wujud ingkang angka kalih. Wujudipun inggih menika basa Jawi walikan ingkang wanda sepisanipun sigeg saha kadhapuk saking tembung kalih wanda kanthi wuwuhan aksara (O), (N), saha (NG)

*Oncas monong* ‘moncos’ wujudipun kadadosan saking kalih tembung. Tembung sepisan inggih menika *oncas*, dene tembung kaping kalihnipun inggih menika *monong*. Bedanipun wujud sepisan kaliyan wujud angka kalih ingkang *menonjol* inggih menika wanda sepisan ing tembung sepisan wujud angka kalih

ingkang sigeg beda kaliyan wanda sepisan ing tembung sepisan wujud angka setunggal ingkang boten sigeg. Wujudipun wanda sepisan ingkang sigeg, sami kaliyan wujuding tembung asalipun ingkang wanda sepisanipun ugi sigeg. Ing tuladha menika, wanda sepisan ***Oncas monong*** wujudipun sami kaliyan wanda sepisan tembung asalipun *moncos*, inggih wanda sepisan dipunpungkasi mawi aksara (n) ingkang dadosaken wanda sepisan menika sigeg.

Cara anggenipun ndapuk wujud menika kanthi cara malik saben wanda ing tembung asalipun rumiyin, saha dipunwuwuhi aksara (O), (N), saha (NG) sabibaripun. Beda kaliyan wujud angka sepisan, cara anggenipun malik tembung moncos kanthi cara malik wanda sepisan tanpa aksara pungkasanipun inggih menika wanda (mo) dipunwalik dados wanda sepisan ing tembung kaping kalih. Wanda kaping kalihnipun inggih menika wanda (cos) dipunwalik dados wanda kaping kalih ing tembung kapisan, dene aksara pungkasan ing wanda kapisan saking tembung moncos, inggih menika aksara (n) boten ewah panggenanipun inggih menika wonten ing pungkasaning wanda sepisan tembung sepisan.

Tembung kapisan karakit saking wuwuhan aksara swanten (O) dipunlajengaken aksara pungkasan ing wanda sepisan tembung asalipun inggih menika aksara (n). Dipuntambah malih asiling malik wanda kaping kalih tembung asalipun inggih menika wanda (cos). Wujuding aksara swanten ing wanda kaping kalih tembung kapisan menika dipunewahi dados aksara swanten (a), wujuding wanda (cos) ewah dados wanda (cas).

Ing Tembung kaping kalih, dipunwiwiti asiling malik wanda sepisan tanpa aksara pungkasan tembung asalipun inggih menika wanda (mo). Kalajengaken

wuwuhan aksara (N) saha aksara swanten ingkang wonten ing wanda kaping kalih tembung asalipun inggih menika aksara swanten (o). Tembung kaping kalih menika dipunpungkasi mawi (NG).

Cak-cakanipun basa Jawi walikan *oncas monong* ‘moncos’ ing pethikan pawicantenan ing inggil inggih menika dipunginakaken warga ingkang gadhah sesambetan langkung rumaket. Pawicantenan ingkang dipunlampahi kanthi wirama ingkang lirih saha bisik-bisik nedahaken paedahing basa Jawi walikan inggih menika nyingidaken sawijining prakawis. Panutur ngginakaken basa jawi walikan menika kangge ngandharaken sawijining prekawis ingkang nyingid supados boten dipunmangertosi dening tiyang sanesipun. Inggih nyingid ing pethikan pawicantenan kasebut inggih menika tiyang ingkang gadhah thuyul anyar. *Oncas monong* ‘moncos’ inggih menika nama samaran salah satunggaling tiyang ingkang tutukipun radi maju tinimbang tiyang sanesipun, saha dalemipun wonten ing sisih kidul dalemipun panutur.

(3) ...

O<sub>1</sub>: “*oka tununga oksa banong* apa *ondha oneng ondhe oneng* ngana lo cah !”  
(data 86)

‘tukua bakso apa ondhe-ondhe ngana lo cah!’

O<sub>2</sub>: “ning ndi? *Olas manenge* aku. Adoh.”

‘ning ndi? ,malese aku. Adoh’

*Konteks*: pawicantenan dipunlampahi dening Bayu saha Ampri ingkang kekancan awit alit. Bayu ngajak dhateng kancanipun tumbas bakso utawi ondhe-ondhe, ananging Ampri males anggenipun tumbas dhaharan menawi panggenanipun tebih saking griya.

*Oksa banong* ‘bakso’ wujudipun kadadosan saking kalih tembung, tembung sepisan inggih menika *oksa*, dene tembung kaping kalihnipun inggih menika *banong*. Wujudipun kadhapuk kanthi cara malik saben wanda tembung

asalipun rumiyin, saha dipunwuwuhi aksara (O), (N), saha (NG) sabibaripun. Tembung asalipun inggih menika tembung bakso. Cara anggenipun malik tembung bakso kanthi malik wanda sepisan tanpa aksara pungkasan ing tembung bakso inggih menika wanda (ba) dipunwalik dados wanda sepisan ing tembung kaping kalih. Wanda kaping kalihnipun inggih menika wanda (so) dipunwalik dados wanda kaping kalih ing tembung kapisan, dene aksara pungkasan ing wanda kapisan inggih menika aksara (k) boten ewah panggenanipun inggih menika wonten ing pungkasaning wanda sepisan tembung sepisan.

Tembung kapisan inggih menika *oksa* karakit saking wuwuhan aksara swanten (O) dipunlajengaken aksara pungkasan ing wanda sepisan tembung asalipun inggih menika aksara (k), saha dipuntambah malih asiling malik wanda kaping kalih tembung asalipun inggih menika wanda (so). Wujuding aksara swanten ingkang wonten ing wanda kaping kalih tembung kapisan menika dipunewahi dados aksara swanten (a). Wujuding wanda (so) ewah dados wanda (sa). Ing Tembung kaping kalih, *banong* karakit saking asiling malik wanda sepisan tanpa aksara pungkasanipun ing tembung asalipun inggih menika wanda (ba). Kalajengaken wuwuhan aksara (N) saha aksara swanten wanda kaping kalih tembung asalipun inggih menika aksara swanten (o). Tembung kaping kalih menika dipunpungkasi mawi (NG).

Cak-cakaning basa Jawi walikan *oksa banong* ‘bakso’, ing pethikan pawicantenan ing inggil menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenanipun, manggihaken cak-cakanipun basa Jawi walikan. Cak-cakanipun basa Jawi walikan inggih menika dipunginakaken dening tiyang



ingkang gadhah sesambetan ingkang akrab. Basa Jawi walikan menika ugi kangge nedahaken solah bawa saha pangrasaning manah. Panutur nedahaken pangrasa manahipun ingkang pengen dhahar bakso utawi ondhe – ondhe kanthi ngutus kancanipun tumbas dhaharan.

**3. Wujud 3: basa Jawi walikan ingkang wanda sepisanipun boten sigeg saha kadhapuk saking tembung tigang wanda kanthi wuwuhan (O), (N), saha (NG).**

Gayut kaliyan wujuding saha cak-cakanipun basa Jawi walikan wujud angka tiga ingkang kapanggihaken ing panaliten, tuladhanipun kados menika.

(4) O<sub>1</sub>: “jaluk *okak rononge* sijie!”  
‘jaluk rokoke sijie!’

O<sub>2</sub>: “jarene dadi *orat prajuning*? *Okak ngronong* barang ta?” (data 96)  
‘jarene dadi prajurit? Ngrokok barang ta?’

...

*Konteks*: pawicantenan antawisipun Beni saha Wakhid. Beni ingkang nembe *daftar dados angkatan darat* nyuwun rokok dhateng Wakhid. Wakhid ingkang mangertos kagiyatanipun Beni ing wekdal menika nyemonaken solah bawanipun ingkang dereng mandhek anggenipun ngrokok.

Wujuding *orat prajuning* inggih menika basa Jawi walikan ingkang wanda sepisanipun boten sigeg saha kadhapuk saking tembung tigang wanda inggih menika tembung prajurit kanthi wuwuhan (O), (N), saha (NG).

Wujuding *orat prajuning* ‘prajurit’ kasusun saking kalih tembung. Tembung sepisan inggih menika *orat*, dene tembung kaping kalihnipun inggih menika *prajuning*. Cara anggenipun ndapuk wujud menika kanthi cara malik saben wanda tembung asalipun. Wanda sepisan (pra) saha wanda kaping kalih (ju) ingkang wonten ing tembung prajurit, dipunwalik dados wanda kapisan saha

wanda kaping kalih ing tembung kaping kalih, dene wanda katiga (rit) ingkang wonten ing tembung prajurit, dipunwalik dados wanda kaping kalih ing tembung kapisan.

Tembung kapisan *orat*, karakit saking wuwuhan aksara swanten (O) ingkang dipunlajengaken asiling malik wanda katiga saking tembung asalipun inggih menika wanda (rit). Aksara swanten ing wanda kaping kalih tembung setunggal menika, wujudipun kedah dipunewahi dados aksara swanten (a). Wujuding wanda (rit) ewah dados (rat). Tembung kaping kalih, karakit saking asiling malik wanda sepisan saha wanda kaping kalih tembung asalipun inggih menika (praju) ingkang dipunwuwuhi aksara (N) saha aksara swanten ingkang wonten ing wanda katiga tembung asalipun, inggih menika aksara swanten (i) saking wanda (rit). Tembung kaping kalih dipunpungkasi mawi (NG).

Cak-cakanipun *orat prajuning* ‘prajurit’ menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenanipun inggih menika, dipunginakaken dening tiyang ingkang *akrab* sesambetanipun. Sasanesipun menika ugi dipunginakaken kangge ngandharaken pasemon. Panutur ngandharaken pasemon dhateng kancanipun ingkang nembe dhaftar dados *Angkatan Darat* kanthi nyuwun pirsane menapa leres bilih prajurit menika ngrok. Awit, *orat prajuning* ing pethikan pawicantenan ing inggil dipunginakaken dening panutur kangge nggantos tetembungan *Angkatan Darat*.

(5) O<sub>1</sub>: “ocar panange Betha niku ta Mak Tin?”

‘Pacare Betha niku ta mak Tin?’

O<sub>2</sub>: “ya, jenenge *ongka prening, omah onange ogah suning. Olah sekonang ning STM otan enange orat canang. Opa yekaneng.*” (data 58)

‘ya, jenenge Prengki. Omahe sugih, sekolah ning STM etane Carat. YEKAPE’

*Konteks:* pawicantenan antawisipun Dika saha Yatin ingkang ancasipun kangge mangertosi pacaripun Betha ingkang enggal. Yatin nyariosaken kahananing Prengki minangka pacaripun Betha ingkang enggal.

Sami kaliyan wujuding *orat prajuning* ing tuladha saderengipun, wujuding *Olah sekonang* inggih menika basa Jawi walikan ingkang wanda sepisanipun boten sigeg saha kadhapuk saking tembung tigang wanda inggih menika tembung sekolah kanthi wuwuhan (O), (N), saha (NG).

Wujuding *olah sekonang* ‘sekolah’ kasusun saking kalih tembung. Tembung sepisan inggih menika *olah*, dene tembung kaping kalihnipun inggih menika *sekonang*. Cara anggenipun ndapuk wujud menika kanthi cara malik saben wanda ingkang wonten ing tembung asalipun saha dipunwuwuhi aksara (O), (N), (NG). Tembung asalipun inggih menika sekolah. Wanda sepisan (se) saha wanda kaping kalih (ko) ingkang wonten ing tembung sekolah, dipunwalik dados wanda sepisan saha wanda kaping kalih ing tembung kaping kalih, dene wanda katiga inggih menika wanda (lah) dipunwalik dados wanda kaping kalih ing tembung kapisan.

Tembung kapisan *olah*, karakit saking wuwuhan aksara swanten (O) ingkang dipunlajengaken asiling malik wanda katiga tembung asalipun inggih menika (lah). Aksara swanten ing wanda kaping kalih tembung setunggal wujudipun kedah dipunewahi dados aksara swanten (a). Wujuding wanda (lah) boten ewah awit aksara swantenipun sampun aksara swanten (a). Tembung kaping kalihnipun karakit saking asiling malik wanda sepisan saha kaping kalih tembung asalipun inggih menika (seko) ingkang dipunwuwuhi aksara (N) saha aksara

swanten ing wanda katiga tembung asalipun, inggih menika aksara swanten ing wanda (lah). Aksara swantenipun inggih menika aksara swanten (a). Tembung kaping kalih dipunpungkasi mawi (NG).

Cak-cakaning *olah sekonang* ‘sekolah’ ing pethikan pawicantenan ing inggil kanthi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenanipun inggih menika dipunginakaken dening tiyang ingkang gadhah sesambetan akrab, saha dipunginakaken kangge nedahaken solah bawa saha pangrasaning manah. Panutur ingkang nguraos seneng dhateng pacaripun Betha nyariosaken kahananing Prengki ingkang sekolah ing STM wetanipun Dhusun Carat inggih menika YEKAPE.

#### 4. Wujud 4: wujud setunggal dipunwuwuhi ater - ater

Gayut kaliyan wujuding saha cak-cakanipun basa Jawi walikan wujud angka sekawan ingkang kapanggihaken ing panaliten, tuladhanipun kados menika.

(6) ...

O<sub>1</sub>: “mbok *diota tanang*... aku wong wedok no mak *owar slineng* liwat langsung wegah” (*data* 80)

‘mbok ditata... aku wong no mak sliwer liwat langsung wegah’

O<sub>2</sub>: “untung kowe ora *odak wenong*.”

‘untung kowe ora wedok’

...

*Konteks*: pawicantenan dipunlampahi dening Agung saha Dwi ingkang dados kakang adhi. Agung ingkang gadhah sipat resikan paring panyaruwe dhateng rayinipun supados nata kamaripun, ananging Dwi malah boten remen.

Wujuding *diota tanang* ‘ditata’ inggih menika basa Jawi walikan ingkang wanda sepisanipun boten sigeg saha kadhapuk saking tembung kalih wanda inggih menika tembung tata kanthi wuwuhan (O), (N), saha (NG) sarta dipunwuwuhi ater-ater (-di) ing sangajengipun. Ater- ater (di-) ingkang kawuwuhan ing wujud

setunggal boten ewah wujudipun saha panggenanipun. Dados ater-ater ingkang kawuwuhan ing basa jawi walikan wujud setunggal boten tumut dipunwalik panggenanipun.

*Diota tanang* ‘ditata’ kasusun saking kalih tembung, ing tembung sepisan inggih menika ater-ater (di-) saha *ota* dene tembung kaping kalih inggih menika *tanang*. Cara anggenipun ndapuk wujud menika kanthi cara malik saben wanda ing tembung asalipun rumiyin, saha dipunwuwuhi aksara (O), (N), (NG) sabibaripun. Ater- ater (di-) ingkang kawuwuhan ing wujud menika boten tumut dipunwalik. Tembung asalipun inggih menika tata. Wanda sepisan ingkang wonten ing tembung tata inggih menika wanda (ta) dipunwalik dados wanda sepisan ing tembung kaping kalih, saha wanda kaping kalihnipun inggih menika wanda (ta) ugi, dipunwalik dados wanda kaping kalih ing tembung kapisan.

Tembung kapisan karakit saking ater – ater (di-) ingkang kagandeng kaliyan wuwuhan aksara swanten (O) ingkang dipunlajengaken asiling malik wanda kaping kalih ing tembung asalipun inggih menika wanda (ta). Tembung kaping kalih, karakit saking asiling malik wanda kapisan ingkang wonten ing tembung asalipun inggih menika wanda (ta). Kalajengaken wuwuhan aksara (N) saha aksara swanten ing wanda kaping kalih tembung asalipun inggih menika aksara swanten (a) ingkang wonten ing wanda (ta). Tembung kaping kalih dipunpungkasi mawi (NG).

Cak-cakanipun *diota tanang* ‘ditata’ pethikan pawicantenan ing inggil, menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenanipun inggih menika dipunginakaken tiyang ingkang taksih setunggal kulawarga dados sesambetanipun

langkung akrab sanget. *Diota tanang* ugi dipunginakaken kangge ngandharaken panyaruwe. Ing pethikan pawicantenan kasebut, panutur gadhah pangajab bilih lawanipun pawicantenan nata kamar, supados langkung resik saha enak dipuntingali.

(7) O<sub>1</sub>: “*saomar kanang* kok isine *ombal gonang* pating *onthal craneng*”

(*data 79*)

‘sakamar kok isine gombal pating cranthel to le?’

O<sub>2</sub>: “jo omonge! Jukokna *otan pacinang* kuwi, luwe aku!”

‘Ojo omonge! Jukokna pacitan kuwi, luwe aku.’

...

*Konteks*: pawicantenan dipunlampahi dening Agung saha Dwi ingkang dados kakang adhi. Agung ingkang nembe liwat sangajenging kamaripun Dwi nyemoni kahananing kamaripun Dwi ingkang kebak gombal ing canthelan klambi saha ing ngandhap.

*Saomar kanang* ‘sakamar’ kasusun saking kalih tembung, tembung sepisan inggih menika ater-ater (sa-) saha *omar*. Tembung kaping kalih inggih menika *kanang*. Cara anggenipun ndapuk wujud menika kanthi cara malik saben wanda ingkang wonten ing tembung asalipun rumiyin saha dipunwuwuhi aksara (O), (N), (NG). Ater- ater (sa-) ingkang karakit ing tembung asalipun boten tumut dipunwalik. Wanda sepisan ingkang wonten ing tembung asalipun inggih menika wanda (ka) dipunwalik dados wanda sepisan ing tembung kaping kalih, saha wanda kaping kalih ingkang wonten ing tembung asalipun inggih menika wanda (mar) dipunwalik dados wanda kaping kalih ing tembung kapisan.

Tembung kapisan karakit saking ater – ater (sa-) ingkang dipuntambah wuwuhan aksara swanten (O). Kalajengaken asiling malik wanda kaping kalih ing tembung asalipun inggih menika wanda (mar). Tembung kaping kalih, karakit saking asiling malik wanda kapisan ing tembung asalipun inggih menika wanda

(ka). Dipunlajengaken wuwuhan aksara (N) saha aksara swanten ing wanda kaping kalih tembung asalipun inggih menika aksara swanten (a) ingkang wonten ing wanda (ka). Tembung kaping kalih dipunpungkasi mawi (NG).

Basa jawi walikan *saomar kanang* ‘sakamar’ menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenipun nuwuhaken cak-cakaning basa Jawi walikan. Cak – cakanipun inggih menika dipunginakaken dening tiyang ingkang taksih setunggal kulawarga, dados sesambetanipun rumaket sanget. Basa jawi walikan menika ugi dipunginakaken kangge ngandharaken pasemon. Pasemon ingkang dipunandharaken panutur dhateng lawanipun panutur nalika pawicantenan gadhah ancas supados gombal ingkang wonten ing kamaripun menika dipuntata saha dipunresiki, supados ketingal langkung resik.

##### 5. Wujud 5: wujud kalih dipunwuwuhi ater – ater

Gayut kaliyan wujuding saha cak-cakanipun basa Jawi walikan wujud angka gangsal ingkang kapanggihaken ing panaliten, tuladhanipun kados menika.

(8) ...

O<sub>1</sub>: “loh oya pineng te, ning orap nganengmu kok ndadak okak tanong.”

‘loh piye te, ning ngarepmu kok ndadak takok.’

O<sub>2</sub>: “la tanah ota manangku ke oda ranang odhat peneng.”

‘la tanah matakku ke rada pedhet.

O<sub>1</sub>: “makane ta mas, ota manang owa kuning ke diombah unang ambek rinso.” (data 28)

‘makane ta mas, mata kuwi ke diumbah ambek rinso.’

...

*Konteks*: pawicantenan dipunlamahi dening Dika saha Parni ingkang dangu boten kepethuk. Parni ingkang nyuwun pirsas kabaripun Dika dipunjawab kanthi guyonan bilih piyambakipun menika wonten ing ngajengipun. Parni ingkang ngandharaken bilih paningalipun radi pedhet dipunparingi panyaruwe ngumbah paningalipun ngginakaken rinso kanthi guyonan.

Wujuding *diombah unang* ‘diubah’ kasusun saking ater – ater (di-) saha basa Jawi walikan ingkang wanda sepisanipun sigeg saha kadhapuk saking tembung kalih wanda kanthi wuwuhan (O), (N), saha (NG).

*Diombah unang* ‘diubah’ wujudipun kadadosan saking kalih tembung. Tembung sepisan inggih menika ater –ater (di-) saha *ombah*, dene tembung kaping kalihnipun inggih menika *unang*. Wujudipun kadhapuk kanthi cara malik saben wanda ing tembung asalipun rumiyin saha dipunwuwuhi aksara (O), (N), saha (NG). Tembung asalipun inggih menika tembung umbah. Ater- ater (di-) ingkang dipunwuwuhi sangajenging tembung umbah menika boten tumut dipunwalik. Cara anggenipun malik inggih menika malik wanda sepisan tanpa aksara pungkasanipun ingkang wonten ing tembung tembung asalipun inggih menika aksara (u), dipunwalik dados aksara sepisan ing tembung kaping kalih. Wanda kaping kalih inggih wanda (bah) dipunwalik dados wanda kaping kalih ing tembung kapisan, dene aksara pungkasan ing wanda kapisan inggih menika aksara (m) boten ewah panggenanipun inggih menika wonten ing pungkasaning wanda sepisan tembung sepisan.

Tembung kapisan inggih menika *diombah* karakit saking ater – ater (di-) kalajengaken wuwuhan aksara swanten (O) saha aksara pungkasan ing wanda sepisan tembung asalipun inggih menika aksara (m), sarta dipuntambah malih asiling malik wanda kaping kalih ingkang wonten ing tembung asalipun inggih menika wanda (bah). Ing Tembung kaping kalih, *unang* karakit saking asiling malik wanda sepisan tanpa aksara pungkasan tembung asalipun inggih menika aksara (u). Kalajengaken wuwuhan aksara (N) saha aksara swanten wanda kaping



kalih tembung asalipun inggih menika aksara swanten (a) ing wanda (bah).  
Tembung kaping kalih menika dipunpungkasi mawi (NG).

Cak – cakanipun basa Jawi walikan *diombah unang* ‘diubah’ ing pethikan pawicantenan ing inggil menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenanipun inggih menika dipunginakaken dening tiyang ingkang akrab sesambetanipun. Sasanesipun menika basa Jawi walikan menika ugi dipunginakaken kangge ndadosaken lucu pawicantenan ingkang dipunlampahi dening panaturipun. Panatur ngutus lawanipun micara supados ngumbah paningalipun ginakaken rinso dipunraos boten wajar saha njalari gemuyu tiyang ingkang mirengaken. Menawi Pawicantenan dipunlampahi dening tiyang ingkang dereng kenal saderengipun saha boten *akrab* temtunipun saged dipunpersepsiaken kanthi beda.

(9) ...

O<sub>2</sub>: “*diondar tanungi owa saning kabeh ye?*”  
‘ditanduri sawi kabeh ye?’

O<sub>1</sub>: “mung *saongkak benong*, liyane ora paning.” (data 93)  
‘mung sabengkok, liyane pari.

*Konteks*: pawicantenan dipunlampahi dening Edi saha Sarkun ingkang kekalihipun dados tani. Sarkun nyuwun pirsu dhateng Edi menapa sadaya sabinipun dipuntanduri sawi awit Edi ingkang nembe wiwit nandur sawi nguraos was-was.

Wujuding *saongkak benong* ‘sabengkok’ kasusun saking kalih tembung. Tembung sepisan inggih menika ater –ater (sa-) saha *ongkak*. Tembung kaping kalihnipun inggih menika *benong*. Wujuding *saongkak benong* kadhapuk kanthi cara malik saben wanda ing tembung asalipun rumiyin saha dipunwuwuhi aksara (O), (N), (NG). Tembung asalipun inggih menika tembung bengkok, ater- ater (sa-) ing wujud menika boten tumut dipunwalik. Cara anggenipun malik inggih

menika malik wanda sepisan tanpa aksara pungkasanipun ingkang woten ing tembung bengkok inggih menika wanda (be) dipunwalik dados wanda sepisan tembung kaping kalih. Wanda kaping kalihnipun inggih menika wanda (kok) dipunwalik dados wanda kaping kalih ing tembung kapisan, dene aksara pungkasan ing wanda kapisan ingkang wonten ing tembung asalipun inggih menika aksara (ng) boten ewah panggenanipun inggih menika wonten ing pungkasaning wanda sepisan tembung sepisan.

Tembung kapisan inggih menika *saongkak* karakit saking ater – ater (sa-) kalajengaken wuwuhan aksara swanten (O) saha aksara pungkasan ing wanda sepisan tembung asalipun inggih menika aksara (ng). Kalajengaken malih asiling malik wanda kaping kalih saking tembung asalipun inggih menika wanda (kok). Aksara swanten ing wanda kaping kalih tembung kapisan dipunewahi dados aksara swanten (a). Wujuding wanda (kok) ewah dados wanda (kak). Ing Tembung kaping kalih, *benong* karakit saking asiling malik wanda sepisan tanpa aksara pungkasanipun ingkang wonten ing tembung asalipun inggih menika wanda (be). Kalajengaken wuwuhan aksara (N) saha aksara swanten wanda kaping kalih saking tembung asalipun inggih menika aksara swanten (o) ingkang kapendheht saking wanda (kok). Tembung kaping kalih menika dipunpungkasi mawi (NG).

Cak-cakanipun *saongkak benong* ‘sabengkok’ ing pawicantenan ing inggil menawi dipungayutaken kaliyan kontekipun inggih menika dipunginakaken dening tiyang ingkang gadhah sesambetan ingkang rumaket. Basa jawi walikan menika ugi dipunginakaken kangge nedahaken solah bawa saha pangrasaning

manah. Panutur nedahaken solah bawanipun ingkang nandur sawi namung sabengkok kemawon.

## 6. Wujud 6: wujud setunggal dipunwuwuhi panambang

Gayut kaliyan wujuding saha cak-cakanipun basa Jawi walikan wujud angka enem ingkang kapanggihaken ing panaliten, tuladhanipun kados menika.

(10) ...

O<sub>2</sub>: “*otan enang owa kuning bar ontak enong.*”

‘etan kuwi bar entuk’

O<sub>1</sub>: “pirang **omar nonengan?**” (dhata 55)

‘pirang nomeran?’

*Konteks* : pawicantenan antawisipun Mudhul saha Sarno kalampahan kanthi bisik-bisik. Pawicantenan kangge mangertosi cacahing nomer togel ingkang medhal saha ndadosaken tetangginipun wonten ingkang angsal arta kathah.

Wujuding **omar nonengan** ‘nomeran’ inggih menika basa Jawi walikan ingkang wanda sepisanipun boten sigeg saha kadhapuk saking tembung kalih wanda inggih menika tembung nomer kanthi wuwuhan (O), (N), saha (NG) sarta dipunwuwuhi panambang (-an).

**Omar nonengan** ‘nomeran’ kasusun saking kalih tembung, tembung sepisanipun inggih menika *omar*, dene tembung kaping kalihnipun inggih menika *nonengan*. Cara anggenipun ndapuk wujud menika kanthi cara malik saben wanda ingkang wonten ing tembung asalipun inggih menika tembung nomer. Sabibaripun tembung nomer dipunwalik dipunwuwuhi mawi aksara (O), (N), (NG). Panambang (-an) ing wujud menika boten tumut dipunwalik. Saking tembung nomer, wanda sepisan inggih menika wanda (no) dipunwalik dados

wanda sepisan ing tembung kaping kalih, saha wanda kaping kalihnipun inggih menika wanda (mer) dipunwalik dados wanda kaping kalih ing tembung kapisan.

Tembung kapisan karakit saking wuwuhan aksara swanten (O) ingkang dipunlajengaken asiling malik wanda kaping kalih tembung asalipun inggih menika wanda (mer). Wujuding aksara swanten ing wanda kaping kalih tembung kapisan dipunewahi dados aksara swanten (a). Wujuding wanda (mer) ewah dados (mar). Tembung kaping kalihnipun karakit saking asiling malik wanda sepisan ingkang wonten ing tembung asalipun inggih menika wanda (no) lajeng dipunwuwuhi aksara (N) saha aksara swanten ing wanda kaping kalih tembung asalipun inggih menika aksara swanten (e) saking wanda (mer). Tembung kaping kalih dipunpungkasi mawi (NG) saha panambang (-an).

Cak-cakanipun basa Jawi walikan **Omar nonengan** ‘nomeran’ ing pethikan pawicantenan ing inggil inggih menika dipunginakaken warga ingkang gadhah sesambetan ingkang akrab. Pawicantenan ingkang dipunlampahi kanthi wirama ingkang lirih saha bisik-bisik nedahaken cak-cakanipun basa Jawi walikan sanesipun inggih menika dipunginakaken kangge ngandharaken sawijining prakawis ingkang nyingid. Panutur ngginakaken basa jawi walikan menika kangge nyingidaken sawijining prakawis ingkang nyingid supados boten dipunmangertosi dening tiyang sanesipun. Inggih nyingid ing pethikan pawicantenan kasebut inggih menika cacahing nomer *togel* ingkang medhal saha ndadosaken salah satunggaling tetangginipun angsal arta saking asiling adu togel. Sasanesipun menika adu *togel* ugi dipunraos pakaryan ingkang boten sae saha boten *halal* artanipun.

- (11) ...  
 O<sub>2</sub>: “*opa sanang* sing nggolekne?”  
       ‘sapa sing nggolekne?’  
 O<sub>1</sub>: “apa? Mbah kadiran.”  
 O<sub>2</sub>: “pake no?”  
 O<sub>1</sub>: “*otak kenonge* lo wi.” (data 8)  
       ‘ketoke lo wi’

*Konteks*: pawicantenan antawisipun Nanang saha Iwan. Pawicantenan ngrembug babagan tiyang ingkang gadhah thuyul enggal ing Dhukuh Gandon. Iwan nyuwun pirsu dhateng Nanang tiyang ingkang madosaken thuyul menika.

Wujuding *otak kenonge* ‘ketoke’ inggih menika basa Jawi walikan ingkang wanda sepisanipun boten sigeg saha kadhapuk saking tembung kalih wanda inggih menika tembung ketok kanthi wuwuhan (O), (N), saha (NG) sarta dipunwuwuhi panambang (-e).

*Otak kenonge* ‘ketoke’ kasusun saking kalih tembung, tembung sepisan inggih menika *otak* dene tembung kaping kalihnipun inggih menika *kenonge*. Cara anggenipun ndapuk wujud menika kanthi malik saben wanda ing tembung asalipun inggih menika tembung ketok, saha dipunwuwuhi mawi aksara (O), (N), (NG). Ananging, panambang (-e) ing wujud menika boten tumut dipunwalik. Saking tembung ketok, wanda sepisanipun inggih menika wanda (ke) dipunwalik dados wanda sepisan ing tembung kaping kalih, saha wanda kaping kalihnipun inggih menika wanda (tok) dipunwalik dados wanda kaping kalih ing tembung kapisan.

Tembung kapisan karakit saking wuwuhan aksara swanten (O) ingkang dipunlajengaken asiling malik wanda kaping kalih saking tembung asalipun inggih menika wanda (tok). Wujuding aksara swanten ing wanda kaping kalih tembung kapisan dipunewahi dados aksara swanten (a). Wujuding wanda (tok)

ewah dados (tak). Tembung kaping kalih, karakit saking asiling malik wanda sepisan tembung asalipun inggih menika wanda (ke). Kalajengaken wuwuhan aksara (N) saha aksara swanten ing wanda kaping kalih tembung asalipun inggih menika aksara swanten (o) ing wanda (tok). Tembung kaping kalih dipunpungkasi mawi (NG) saha panambang (-e).

Cak-cakanipun basa Jawi walikan *Otak kenonge* ‘ketoke’ ingkang wonten ing pethikan pawicantenan ing inggil dipunginakaken dening warga ingkang gadhah sesambetan akrab. Pawicantenan menika dipunlampahi kanthi wirama ingkang lirih saha bisik-bisik, nedahaken cak-cakanipun basa Jawi walikan sanesipun inggih menika nyingidaken sawijining prakawis. Panutur ngginakaken basa jawi walikan menika kangge ngandharaken sawijining prakawis ingkang asipat nyingid supados boten dipunmangertosi dening tiyang sanes. Inggih nyingid ing pethikan pawicantenan kasebut inggih menika tiyang ingkang madosaken thuyul anyar kangge salah satunggaling warga Gandon.

## 7. Wujud 7: wujud kalih dipunwuwuhi panambang

Gayut kaliyan wujud ingkang saha cak-cakanipun basa Jawi walikan wujud angka pitu ingkang kapanggihaken ing panaliten, tuladhanipun kados menika.

(12) ...

O<sub>1</sub>: “jujure ki, pira?”

O<sub>2</sub>: “*okat seneng*” ‘seket’

O<sub>1</sub>: “*ongka bananga.*” ‘bangkaa’ (data 73)

*Konteks:* pawicantenan antawisipun Najib saha Siwo, kekalihipun inggih menika kakang adhi. Siwo ingkang namung gadhah arta seket ewu repes kirang anggenipun tumbas barang. Siwo dipununeni dening Najib mawi pisuhan ingkang arupi basa Jawi walikan.

Wujuding *ongka bananga* ‘bangkaa’ kasusun saking kalih tembung. Tembung sepisan inggih *ongka*, dene tembung kaping kalihnipun inggih menika *bananga*. Wujudipun kadhapuk kanthi cara malik saben wanda ing tembung asalipun rumiyin, saha dipunwuwuhi aksara (O), (N), (NG). Tembung asalipun inggih menika tembung *bangka*, panambang (-a) ingkang dipunwuwuhi ing tembung *bangka* boten tumut dipunwalik. Cara anggenipun malik kanthi malik saking tembung *Bangka* inggih menika, wanda sepisan tanpa aksara pungkasanipun inggih menika wanda (ba) dipunwalik dados wanda sepisan ing tembung kaping kalih. Wanda kaping kalihnipun inggih menika wanda (ka) dipunwalik dados wanda kaping kalih ing tembung kapisan, dene aksara pungkasan ing wanda kapisan inggih menika aksara (ng) boten ewah panggenanipun inggih menika wonten ing pungkasaning wanda sepisan tembung sepisan.

Tembung kapisan inggih menika *ongka* karakit saking wuwuhan aksara swanten (O) saha aksara pungkasan ing wanda sepisan tembung asalipun inggih menika aksara (ng). Kalajengaken asiling malik wanda kaping kalih ing tembung asalipun inggih menika wanda (ka). Ing Tembung kaping kalih, *bananga* karakit saking asiling malik wanda sepisan tanpa aksara pungkasan tembung asalipun inggih menika wanda (ba). Kalajengaken wuwuhan aksara (N) saha aksara swanten wanda kaping kalih tembung asalipun inggih menika aksara swanten (a) ingkang wonten ing wanda (ka). Tembung kaping kalih menika dipunpungkasi mawi (NG) saha panambang (-a).

Cak-cakanipun basa Jawi walikan *ongka bananga* ‘bangkaa’ menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenipun inggih menika dipunginakaken dening tiyang ingkang gadhah sesambetan ingkang akrab. Basa Jawi walikan menika ugi dipunginakaken kangge ndamel tetembungan ingkang dipunanggep kasar supados langkung alus. Tembung ingkang dipundamel langkung alus inggih menika tembung asalipun basa jawi walikan *ongka bananga* inggih menika tembung bangka. Tembung bangka ingkang tasih kalebet basa pisuhan dipundamel langkung alus mawi basa jawi walikan.

(13) ...

O<sub>2</sub>: “*ongkrat banung*” ‘bangkrut’

O<sub>1</sub>: “kok iso wi lo? *Olak goneng odhal monang* eneh ta, *ontar monongmu* wes ota menung no.” (data 13)

‘kok iso kuwi lo? Golek modhal eneh t, montormu wes metu no.’

...

*Konteks*: pawicantenan antawisipun Suwarno kaliyan Suyanto, kekalihipun inggih menika bakul ing pasar. Suwarna ingkang nembe bangkrut dipunparingi panyaruwe supados ngampil arta kangge modhal malih, awit kreditan montoripun sampun lunas.

Wujuding *ontar monongmu* ‘montormu’ kasusun saking kalih tembung.

Tembung sepisan inggih menika *ontar*, dene tembung kaping kalihnipun inggih menika *monongmu*. Cara anggenipun ndapuk inggih menika malik saben wanda ingkang wonten ing tembung asalipun, saha dipunwuwuhi aksara (O), (N), (NG). Tembung asalipun inggih menika tembung montor. Saking tembung montor, wanda sepisan tanpa aksara pungkasanipun inggih menika wanda (mo) dipunwalik dados wanda sepisan ing tembung kaping kalih. Wanda kaping kalihnipun inggih menika wanda (tor) dipunwalik dados wanda kaping kalih ing tembung kapisan. Aksara pungkasan ing wanda kapisan inggih menika aksara (n)



boten ewah panggenanipun inggih menika wonten ing pungkasaning wanda sepisan tembung sepisan, dene panambang (-mu) boten tumut dipunwalik.

Tembung kapisan inggih menika *ontar* karakit saking wuwuhan aksara swanten (O) saha aksara pungkasan ing wanda sepisan tembung asalipun inggih menika aksara (n). Kalajengaken asiling malik wanda kaping kalih tembung asalipun inggih menika wanda (tor). Aksara swanten ing wanda kaping kalih tembung sepisan dipunewahi dados aksara swanten (a). Wujuding wanda (tor) ewah dados (tar). Tembung kaping kalih, *monongmu* karakit saking asiling malik wanda sepisan tanpa aksara pungkasan tembung asalipun inggih menika wanda (mo). Kalajengaken wuwuhan aksara (N) saha aksara swanten wanda kaping kalih tembung asalipun inggih menika aksara swanten (o) ing wanda (tor). Tembung kaping kalih menika dipunpungkasi mawi (NG) saha panambang (-mu).

Cak – cakanipun basa Jawi walikan *ontar monongmu* ‘montormu’ menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenanipun inggih menika dipunginakaken dening tiyang ingkang gadhah padamelan ingkang sami, inggih menika warga ingkang nyambut damel dados bakul. Basa Jawi walikan menika ugi dipunginakaken dening panuturipun kangge ngandharaken panyaruwe. Panyaruwe ingkang dipunandharaken ing pawicantenan ing inggil inggih menika supados lawaning pawicantenan pados silihan arta kangge modhal anggenipun bebakulan.

## **8. Wujud 8: wujud setunggal dipunwuwuhi ater – ater saha panambang**

Gayut kaliyan wujuding saha cak-cakanipun basa Jawi walikan wujud angka wolu ingkang kapanggihaken ing panaliten, tuladhanipun kados menika.

- (14) ...  
 O<sub>1</sub>: “mbok *diota tanang*... aku wong wedok no mak *owar slineng* liwat langsung wegah”  
 ‘mbok ditata... aku wong no mak sliwer liwat langsung wegah’  
 O<sub>2</sub>: “untung kowe ora *odak wenong*.”  
 ‘untung kowe ora wedok’  
 O<sub>2</sub>: “*diomang onongi* mesthi njawabe.” (data 83)  
 ‘diomongi mesthi njawabe.’  
 ...

*Konteks*: pawicantenan dipunlampahi dening Agung saha Dwi ingkang dados kakang adhi. Agung ingkang sipatipun resikan paring panyaruwe dhateng rayinipun supados nata kamaripun, ananging Dwi malah boten remen saha mbantah panyaruwe kakangipun.

Wujuding *diomang onongi* inggih menika basa Jawi walikan ingkang wanda sepisanipun boten sigeg saha kadhapuk saking tembung kalih wanda inggih menika tembung omong kanthi wuwuhan (O), (N), saha (NG) sarta dipunwuwuhi ater-ater (di-) ing ngajeng saha panambang (-i) ing pungkasaning tembung. Ater- ater (di-) saha panambang (-i) ingkang kawuwuhan ing wujud setunggal boten ewah wujudipun saha panggenanipun. Dados ater-ater saha panambang ingkang kawuwuhan ing basa jawi walikan wujud setunggal boten tumut dipunwalik panggenanipun.

*Diomang onongi* ‘diomongi’ kasusun saking kalih tembung. Tembung sepisan inggih menika ater-ater (di-) saha *omang* dene tembung kaping kalihnipun inggih menika *onong* saha panambang (i-). Cara anggenipun ndapuk wujud menika kanthi cara malik saben wanda ing tembung asalipun, saha dipunwuwuhi aksara (O), (N), (NG). Saking tembung omong, wanda sepisan tembung asalipun inggih menika aksara (o) dipunwalik dados aksara sepisan ing tembung kaping kalih, saha wanda kaping kalihnipun inggih wanda (mong) dipunwalik dados

wanda kaping kalih ing tembung kapisan, dene ater- ater (di-) saha panambang (-i) boten tumut dipunwalik.

Tembung kapisan karakit saking ater – ater (di-) ingkang dipunlajengaken wuwuhan aksara swanten (O) saha asiling malik wanda kaping kalih ing tembung asalipun inggih menika wanda (mong). Aksara swanten ing wanda kaping kalih tembung kapisan menika dipunewahi dados aksara swanten (a). Wujuding wanda (mong) ewah dados (mang). Tembung kaping kalih, karakit saking asiling malik wanda kapisan ingkang wonten ing tembung asalipun inggih menika aksara (o) lajeng dipunwuwuhi aksara (N) saha aksara swanten ing wanda kaping kalih tembung asalipun inggih menika aksara swanten (o). Tembung kaping kalih dipunpungkasi mawi (NG) saha panambang (i-).

Basa jawi walikan ingkang wonten ing pethikan pawicantenan ing inggil menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenanipun manggihaken cak-cakanipun basa Jawi walikan. Cak – cakanipun inggih menika dipunginakaken dening tiyang ingkang taksih setunggal kulawarga, dados sesambetanipun rumaket sanget. Basa jawi walikan menika ugi dipunginakaken kangge ngandharaken pasemon. Pasemon ingkang dipunandharaken panutur dhateng lawanipun nalika pawicantenan gadhah ancas supados mirengaken nalika dipunparingi panyaruwe, saha boten mbantah kanthi pawadan – pawadan ingkang kathah.

(15) ...

O<sub>2</sub>: “gek lak *diopal anengi* ke ora gelem *ocang ngenongne odang wenang.*”  
(*data 59*)

‘gek lak diapeli ke ora gelem ngecongne wedang.’

O<sub>3</sub>: “make ke isin lo aku.”

...

*Konteks:* pawicantenan dipunlampahi dening Yatin saha Betha, Yatin nyariosaken kabiyasan anakipun dhateng tetanggipun bilih Betha menika boten purun ndamel unjukan nalika dipunapeli dening pacaripun.

Wujuding *diopal anengi* inggih menika basa Jawi walikan ingkang wanda sepisanipun boten sigeg saha kadhapuk saking tembung kalih wanda inggih menika tembung apel kanthi wuwuhan (O), (N), saha (NG) sarta dipunwuwuhi ater-ater (di-) ing ngajeng saha panambang (-i) ing pungkasaning tembung. Sami kaliyan tuladha ingkang sepisan, ater- ater (di-) saha panambang (-i) ingkang kawuwuhan ing wujud setunggal boten ewah wujudipun saha panggenanipun. Dados ater-ater saha panambang ingkang kawuwuhan ing basa jawi walikan wujud setunggal boten tumut dipunwalik panggenanipun.

*Diopal anengi* kasusun saking kalih tembung, ing tembung sepisanipun inggih menika ater-ater (di-) saha *opal* dene tembung kaping kalihnipun inggih menika *aneng* saha panambang (i-). Cara anggenipun ndapuk wujud menika kanthi cara malik saben wanda ingkang wonten ing tembung asalipun saha dipunwuwuhi aksara (O), (N), (NG). Saking tembung apel, wanda sepisan inggih menika aksara (a) dipunwalik dados aksara sepisan ing tembung kaping kalih, saha wanda kaping kalihnipun inggih menika wanda (pel) dipunwalik dados wanda kaping kalih ing tembung kapisan, dene ater- ater (di-) saha panambang (-i) boten tumut dipunwalik.

Tembung kapisan karakit saking ater – ater (di-) ingkang dipuntambah wuwuhan aksara swanten (O) saha dipunlajengaken asiling malik wanda kaping kalih saking tembung asalipun inggih menika wanda (pel). Aksara swanten ing

wanda kaping kalih tembung kapisan menika dipunewahi dados aksara swanten (a). Wujuding wanda (pel) ewah dados (pal). Tembung kaping kalih, karakit saking asiling malik wanda kapisan ing tembung asalipun inggih menika aksara (a) lajeng dipunwuwuhi aksara (N) saha aksara swanten ing wanda kaping kalih tembung asalipun inggih menika aksara swanten (e) ing wanda (pel). Tembung kaping kalih dipunpungkasi mawi (NG) saha panambang (i-).

Basa jawi walikan ingkang wonten ing pethikan pawicantenan ing inggil menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenanipun manggihaken cak-cakanipun basa Jawi walikan. Cak – cakanipun inggih menika dipunginakaken dening tiyang ingkang taksih setunggal kulawarga, dados sesambetanipun rumaket sanget. Basa jawi walikan menika ugi dipunginakaken kangge ngandharaken pasemon. Pasemon ingkang dipunandharaken panutur dhateng lawanipun panutur nalika pawicantenan gadhah ancas supados lawaning pawicantenan kersa ndamelaken unjukan dhateng pacaripun nalika dolan dhateng dalemipun, saengga panutur boten prelu ndamelaken unjukan kangge tamu menika.

### 9. Wujud 9: wujud kalih dipunwuwuhi ater – ater saha panambang

Gayut kaliyan wujuding saha cak-cakanipun basa Jawi walikan wujud angka sanga ingkang kapanggihaken ing panaliten, tuladhanipun kados menika.

- (16) O<sub>1</sub>: “jajal *ondar nanung owa saning* urip ora ya?”  
 ‘jajal nandur sawi, urip ora ya?’  
 O<sub>2</sub>: “*diondar tanungi owa saning kabeh ye?*” (*data 92*)  
 ‘ditanduri sawi kabeh ye?’  
 O<sub>1</sub>: “mung *saongkak benong*, liyane ora *paning*.”  
 ‘mung sabengkok, liyane pari.’  
 ...

*Konteks:* pawicantenan dipunlampahi dening Edi saha Sarkun ingkang kekalihipun dados tani. Sarkun nyuwun pirsu dhateng Edi menapa sadaya sabinipun dipuntanduri sawi awit Edi ingkang nembe wiwit nandur sawi nguraos was-was.

Wujuding *diondar tanungi* ‘ditanduri’ kasusun saking kalih tembung. Tembung sepisan inggih ater- ater (di) saha *ondar*, dene tembung kaping kalih, inggih menika *tanung* saha panambang (i-). Cara anggenipun ndhapuk inggih menika malik saben wanda ingkang wonten ing tembung asalipun, saha dipunwuwuhi aksara (O), (N), (NG) sabibaripun dipunwalik. Tembung asalipun inggih menika tembung tandur.

Cara anggenipun malik inggih menika malik wanda sepisan tanpa aksara pungkasan saking tembung tandur inggih menika wanda (ta) dipunwalik dados wanda sepisan ing tembung kaping kalih. Wanda kaping kalihnipun inggih menika wanda (dur) dipunwalik dados wanda kaping kalih ing tembung kapisan. Aksara pungkasan ing wanda kapisan inggih menika aksara (n) boten ewah panggenanipun inggih menika wonten ing pungkasaning wanda sepisan tembung sepisan, dene ater – ater (di-) saha panambang (-i) boten tumut dipunwalik.

Tembung kapisan inggih menika *diondar* karakit saking ater – ater (di-) saha wuwuhan aksara swanten (O) ingkang kalajengaken aksara pungkasan ing wanda sepisan tembung asalipun inggih menika aksara (n). kalajengaken malih asiling malik wanda kaping kalih ing tembung asalipun inggih menika wanda (dur). Aksara swanten ing wanda kaping kalih tembung sepisan dipunewahi dados aksara swanten (a). Wujuding wanda (dur) ewah dados (dar).

Tembung kaping kalih, *tanungi* karakit saking asiling malik wanda sepisan tanpa aksara pungkasan ingkang wonten ing tembung asalipun inggih

menika wanda (ta). Kalajengaken wuwuhan aksara (N) saha aksara swanten wanda kaping kalih tembung asalipun inggih menika aksara swanten (u) ing wanda (tur). Tembung kaping kalih menika dipunpungkasi mawi (NG) saha panambang (-i).

Cak-cakanipun *diondar tanungi* ‘ditanduri’ ingkang wonten ing pethikan pawicantenan ing inggil menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenanipun inggih menika dipunginakaken dening tiyang ingkang gadhah sesambetan ingkang rumaket saha padamelan ingkang sami. Basa Jawi walikan menika ugi dipunginakaken kangge nedahaken solah bawa saha pangrasaning manah. Panutur nedahaken solah bawanipun dhateng kancanipun menawi nandur sawi sabengkok kemawon.

#### 10. Wujud 10: wujud setunggal dipuntambah wujud setunggal

Gayut kaliyan wujuding saha cak-cakanipun basa Jawi walikan wujud angka sedasa ingkang kapanggihaken ing panaliten, tuladhanipun kados menika.

(17) ...

O<sub>2</sub>: “gek lak *diopal anengi* ke ora gelem *ocang ngenongne odang wenang*.”  
‘gek lak diapeli ke ora gelem ngecongne wedang.’

O<sub>3</sub>: “make ke isin lo aku.”

O<sub>2</sub>: “gayane... *osan ining osan ining*.” (data 60)  
‘gayane... isin isin.’

...

*Konteks*: pawicantenan antawisipun Yatin saha Betha. Yatin inggih menika ibunipun Betha. Yatin ingkang nembe caritas solah bawanipun betha dhateng Yuni dipunmirengaken ugi dening Betha. Mangertos nembe dados *topik* pawicantenan, Betha isin lajeng dipunsemoni dening Ibunipun.

Wujuding *osan ining osan ining* ‘isin-isin’ inggih menika basa Jawi walikan ingkang wanda sepisanipun boten sigeg saha kadhapuk saking tembung kalih

wanda inggih menika tembung isin kanthi wuwuhan (O), (N), saha (NG) ingkang dipunambali kaping kalih.

*Osan ining osan ining* ‘isin-isin’ kasusun saking sekawan tembung. Tembung sepisan inggih menika *osan*, tembung kaping kalihnipun inggih menika *ining*, dene tembung katiga saha tembung sekawanipun sami kaliyan wujuding tembung sepisan saha tembung kaping kalih. Cara anggenipun ndapuk wujud menika kanthi cara malik saben wanda ing tembung asalipun saha dipunwuwuhi aksara (O), (N), (NG). Tembung asalipun inggih menika isin – isin. Wanda sepisan ing tembung isin ingkang sepisan inggih menika aksara (i) dipunwalik dados wanda sepisan ing tembung kaping kalih, saha wanda kaping kalih ing tembung isin ingkang sepisan inggih menika wanda (sin) dipunwalik dados wanda kaping kalih ing tembung kapisan. Cara anggenipun malik tembung isin ingkang sepisan menika ugi sami kaliyan caranipun malik tembung isin ingkang angka kalih. Wanda sepisan ing tembung isin inggih menika aksara (i) dipunwalik dados wanda sepisan ing tembung sekawan, saha wanda kaping kalihnipun inggih menika wanda (sin) dipunwalik dados wanda kaping kalih ing tembung katiga.

Tembung kapisan karakit saking wuwuhan aksara swanten (O) ingkang dipunlajengaken asiling malik wanda kaping kalih ing tembung isin ingkang sepisan inggih menika wanda (sin). Aksara swanten ing wanda (sin) dipunewahi dados aksara swanten (a). Wujuding wanda (sin) ewah dados (san). Tembung kaping kalih, karakit saking asiling malik wanda kapisan ing tembung isin ingkang sepisan inggih menika aksara (i) lajeng dipunwuwuhi aksara (N).



Kalajengaken aksara swanten ing wanda (sin) inggih menika aksara swanten (i).  
Tembung kaping kalih dipunpungkasi mawi (NG).

Tembung katiga saha tembung sekawan inggih menika sami kaliyan tembung sepisan saha tembung kaping kalih ingkang dipunambali malih. Tembung katiga karakit saking wuwuhan aksara swanten (O) ingkang dipunlajengaken asiling malik wanda kaping kalih ing tembung isin ingkang kaping kalih inggih menika wanda (sin). Aksara swanten ing wanda (sin) dipunewahi dados aksara swanten (a). Wujuding wanda (sin) ewah dados (san). Tembung sekawan, karakit saking asiling malik wanda kapisan ing tembung isin ingkang kaping kalih inggih menika aksara (i) lajeng dipunwuwuhi aksara (N). Kalajengaken aksara swanten ing wanda (sin) inggih menika aksara swanten (i). Tembung sekawan dipunpungkasi mawi (NG).

Cak- cakanipun basa Jawi walikan *osan ining osan ining* ‘isin – isin’ menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenipun inggih menika dipunginakaken dening tiyang ingkang taksih setunggal kulawarga, dados sesambetanipun rumaket sanget. Basa jawi walikan menika ugi dipunginakaken kangge ngandharaken pasemon. Pasemon ingkang dipunandharaken panutur dhateng lawanipun panutur nalika pawicantenan gadhah ancas supados lawaning pawicantenan boten isin nalika solah bawanipun dipuncariyosaken dhateng tetanggipun, awit tetangga ingkang dipunparingi cariyos menika ugi sampun mangertos adat kabiyasanipun Betha.

(18) ...

O<sub>2</sub>: “biyuh – biyuh, cah *olak cining ongan manange* akeh men te.”

‘biyuh-biyuh, cah cilik mangane akeh men te.’”

O<sub>1</sub>: “heh, aja omang onong *opa sanang opa sanang*.” (data 34)

‘heh, aja omong sapa – sapa’

*Konteks:* pawicantenan antawisipun Parni saha Dika. Parni ingkang dangu boten kepanggih kaliyan Dika kaget ningali solah bawanipun Dika ingkang dhahar kathah.

Wujuding *opa sanang opa sanang* ‘sapa – sapa’ inggih menika basa Jawi walikan ingkang wanda sepisanipun boten sigeg saha kadhapak saking tembung kalih wanda inggih menika tembung sapa kanthi wuwuhan (O), (N), saha (NG) ingkang dipunambali kaping kalih.

*Opa sanang opa sanang* kasusun saking sekawan tembung, ing tembung sepisanipun inggih menika *opa*, tembung kaping kalihnipun inggih menika *sanang*, dene tembung katiga saha tembung sekawanipun sami kaliyan wujud ing tembung sepisan saha tembung kaping kalih. Cara anggenipun ndapuk wujud menika kanthi cara malik saben wanda ing tembung asalipun saha dipunwuwuhi aksara (O), (N), (NG). Wanda sepisan ing tembung sapa ingkang sepisan inggih menika aksara (sa) dipunwalik dados wanda sepisan ing tembung kaping kalih, saha wanda kaping kalihnipun inggih wanda (pa) dipunwalik dados wanda kaping kalih ing tembung kapisan. Cara anggenipun malik tembung sapa ingkang sepisan menika ugi sami kaliyan caranipun malik tembung sapa ingkang angka kalih. Wanda sepisan tembung sapa ingkang kaping kalih inggih menika aksara (sa) dipunwalik dados wanda sepisan ing tembung sekawan, saha wanda kaping kalih ing tembung sapa ingkang kaping kalih inggih menika wanda (pa) ugi dipunwalik dados wanda kaping kalih ing tembung katiga.

Tembung kapisan karakit saking wuwuhan aksara swanten (O) ingkang dipunlajengaken asiling malik wanda ing tembung sapa ingkang sepisan inggih menika wanda (pa). Tembung kaping kalihnipun karakit saking asiling malik

wanda tembung sapa ingkang sepisan inggih menika wanda (sa) lajeng dipunwuwuhi aksara (N) saha aksara swanten ing wanda (pa) inggih menika aksara swanten (a). Tembung kaping kalih dipunpungkasi mawi (NG).

Tembung katiga saha tembung sekawan inggih menika tembung sepisan saha tembung kaping kalih ingkang dipunambali malih. Tembung katiga karakit saking wuwuhan aksara swanten (O) ingkang dipunlajengaken asiling malik wanda ing tembung sapa ingkang kaping kalih inggih menika wanda (pa). Tembung sekawanipun karakit saking asiling malik wanda kapisan ing tembung sapa ingkang kaping kalih inggih menika wanda (sa) lajeng dipunwuwuhi aksara (N) saha aksara swanten ing wanda (pa) inggih menika aksara swanten (a). Tembung sekawan dipunpungkasi mawi (NG).

Cak- cakanipun basa Jawi walikan *opa sanang opa sanang* ‘sapa – sapa’ menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenanipun inggih menika dipunginakaken dening tiyang ingkang gadhah sesambetan ingkang akrab. Basa Jawi walikan menika ugi dipunginakaken kangge ngandharaken panyaruwe. Panyaruwe ingkang dipunandharaken dening panutur inggih menika supados lawanipun pawicantenan boten nedahaken solah bawanipun ingkang doyan dhahar kathah.

### **11. Wujud 11: wujud kalih dipuntambah wujud kalih**

Gayut kaliyan wujuding saha cak-cakanipun basa Jawi walikan wujud angka sedasa ingkang kapanggihaken ing panaliten, tuladhanipun kados menika.

(19) ...

O<sub>1</sub>: “hoalah, Betha Betha.”

O<sub>2</sub>: “*ocar panange okah aneng eram, onta gening onta gening. Ola janung orang banang jenenge, onak anange bu Yatemi barang.*” (data 61)  
 ‘Pacare akeh eram, genti-genti. Jalu barang jenenge, anake Bu Yatemi barang.’

*Konteks*: pawicantenan antawisipun Yuni saha Yatin. Kekalihipun inggih menika tetanggi ingkang cerak dalemipun. Yatin nyariosaken bilih pacaripun Betha kathah saha genti – genti.

Wujuding *onta gening onta gening* ‘genti – genti’ inggih menika basa Jawi walikan ingkang wanda sepisanipun sigeg saha kadhapuk saking tembung kalih wanda inggih menika tembung genti kanthi wuwuhan (O), (N), saha (NG) ingkang dipunambali kaping kalih.

*Onta gening onta gening* ‘genti – genti’ wujudipun kadadosan saking sekawan tembung, tembung sepisan inggih menika *onta*, dene tembung kaping kalihnipun inggih menika *gening*. Tembung katiga saha tembung sekawan wujudipun sami kaliyan wujuding tembung sepisan saha tembung kaping kalih.

Wujudipun kadhapuk kanthi cara malik saben wanda tembung asalipun rumiyin, saha dipunwuwuhi aksara (O), (N), (NG) sabibaripun. Tembung asalipun inggih menika tembung genti - genti. Cara anggenipun malik inggih menika malik wanda sepisan tanpa aksara pungkasanipun ing wanda genti ingkang sepisan inggih menika wanda (ge) dipunwalik dados wanda sepisan ing tembung kaping kalih. Wanda kaping kalih ing tembung genti inggih menika wanda (ti) dipunwalik dados wanda kaping kalih ing tembung kapisan, dene aksara pungkasan ing wanda kapisan tembung genti inggih menika aksara (n) boten ewah panggenanipun inggih menika wonten ing pungkasaning wanda sepisan tembung sepisan. Cara malik tembung genti ingkang angka kalih sami kaliyan cara malik tembung genti ingkang angka setunggal.

Tembung kapisan inggih menika *onta* karakit saking wuwuhan aksara swanten (O) dipunlajengaken aksara pungkasan ing wanda sepisan tembung genti ingkang sepisan inggih menika aksara (n). Dipuntambah malih asiling malik wanda kaping kalih saking tembung genti inggih menika wanda (ta). Ing Tembung kaping kalih, *gening* karakit saking asiling malik wanda sepisan tanpa aksara pungkasan tembung genti ingkang sepisan inggih menika wanda (ge). Kalajengaken wuwuhan aksara (N) saha aksara swanten wanda kaping kalih tembung genti inggih menika aksara swanten (i). Tembung kaping kalih menika dipunpungkasi mawi (NG).

Tembung katiga saha tembung sekawan inggih menika fujuding tembung sepisan saha tembung kaping kalih ingkang dipunambali. Tembung katiga karakit saking wuwuhan aksara swanten (O) dipunlajengaken aksara pungkasan ing wanda sepisan tembung genti ingkang kaping kalih inggih menika aksara (n). Dipuntambah malih asiling malik wanda kaping kalih saking tembung genti inggih menika wanda (ta). Ing Tembung kaping kalih, *gening* karakit saking asiling malik wanda sepisan tanpa aksara pungkasan tembung genti ingkang kaping kalih inggih menika wanda (ge). Kalajengaken wuwuhan aksara (N) saha aksara swanten wanda kaping kalih tembung genti inggih menika aksara swanten (i). Tembung sekawan menika dipunpungkasi mawi (NG).

Cak – cakanipun basa Jawi walikan *onta gening onta gening* ‘genti – genti’ ing pethikan pawicantenan ing inggil menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenanipun inggih menika dipunginakaken dening warga ingkang gadhah sesambetan akrab. Sasanesipun menika ugi dipunginakaken kangge

ngandharaken pasemon. Pasemon ingkang dipunandharaken dening panutur gadhah ancas supados Betha boten genti genti pacar malih, awit panutur nguraos isin menawi putrinipun gadhah pacar ingkang kathah saha genti - genti.

(20) ...

O<sub>1</sub>: “*oka tununga oksa banong* apa *ondha oneng ondha oneng* ngana lo cah !” (data 86)

‘tukua bakso apa ondhe-ondhe ngana lo cah!’

O<sub>2</sub>: “ning ndi? *Olas manenge* aku. Adoh.”

‘ning ndi? ,malese aku. Adoh’

*Konteks*: pawicantenan dipunlampahi dening Bayu saha Ampri ingkang kekancan awit alit. Bayu ngajak dhateng kancanipun tumbas bakso utawi ondhe-ondhe, ananging Ampri males anggenipun tumbas menawi panggenanipun tebih saking griya.

Wujudipun *ondha oneng ondha oneng* kadadosan saking sekawan tembung, tembung sepisan inggih menika *ondha*, dene tembung kaping kalihnipun inggih menika *oneng*. Tembung katiga saha tembung sekawanipun sami kaliyan wujuding tembung sepisan saha tembung kaping kalih.

Wujudipun kadhapuk kanthi cara malik saben wanda tembung asalipun rumiyin, saha dipunwuwuhi aksara (O), (N), (NG). Tembung asalipun inggih menika tembung ondhe–ondhe . Cara anggenipun malik tembung ondhe ingkang sepisan, kanthi malik wanda sepisan tanpa aksara pungkasanipun inggih menika aksara (o) dipunwalik dados wanda sepisan ing tembung kaping kalih. Wanda kaping kalihnipun inggih menika wanda (dhe) dipunwalik dados wanda kaping kalih ing tembung kapisan. Aksara pungkasan ing wanda kapisan inggih menika aksara (n) boten ewah panggenanipun inggih menika wonten ing pungkasaning wanda sepisan tembung sepisan. Cara malik tembung genti ingkang angka kalih sami kaliyan cara malik tebung genti ingkang angka setunggal.

Tembung kapisan inggih menika *ondha* karakit saking wuwuhan aksara swanten (O) dipunlajengaken aksara pungkasan ing wanda sepisan tembung asalipun inggih menika aksara (n), saha dipuntambah malih asiling malik wanda kaping kalih saking tembung ondhe ingkang sepisan inggih menika wanda (dhe). Aksara swanten ing wanda menika dipunewahi dados aksara swanten (a). Wujuding wanda (dhe) ewah dados (dha). Tembung kaping kalih, *oneng* karakit saking asiling malik wanda sepisan tanpa aksara pungkasan tembung ondhe ingkang sepisan inggih menika aksara (o). Kalajengaken wuwuhan aksara (N) saha aksara swanten wanda kaping kalih tembung ondhe inggih menika aksara swanten (e). Tembung kaping kalih menika dipunpungkasi mawi (NG).

Tembung katiga saha tembung sekawan inggih menika wujuding tembung sepisan saha tembung kaping kalih ingkang dipunambali. Tembung katiga karakit saking wuwuhan aksara swanten (O) dipunlajengaken aksara pungkasan ing wanda sepisan tembung asalipun inggih menika aksara (n), saha dipuntambah malih asiling malik wanda kaping kalih saking tembung ondhe ingkang kaping kalih inggih menika wanda (dhe). Aksara swanten ing wanda menika dipunewahi dados aksara swanten (a). Wujuding wanda (dhe) ewah dados (dha). Tembung sekawan, *oneng* karakit saking asiling malik wanda sepisan tanpa aksara pungkasan tembung ondhe ingkang kaping kalih inggih menika aksara (o). Kalajengaken wuwuhan aksara (N) saha aksara swanten wanda kaping kalih tembung ondhe inggih menika aksara swanten (e). Tembung sekawan menika dipunpungkasi mawi (NG).

Basa Jawi walikan *ondha oneng ondha oneng* ‘ondhe – ondhe’ ing pethikan pawicantenan ing inggil inggih menika menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenanipun manggihaken cak- cakanipun. Cak cakanipun inggih menika dipunginakaken dening tiyang ingkang gadhah sesambetan langkung rumaket saha akrab, saha dipunginakaken kangge nedahaken solah bawa saha pangrasaning manah. Panutur nedahaken pangrasa manahipun ingkang pengen dhahar bakso saha ondhe – ondhe kanthi ngutus kancanipun tumbas dhaharan.



## **BAB V PANUTUP**

### **A. Dudutan**

Adhedhasar asiling panaliten saha piremaganipun ngengingi basa Jawi walikan ing Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan saged dipunpendhet dudutan ing ngandhap menika.

1. Wujuding basa Jawi walikan ing Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan inggih menika: wujud 1: basa Jawi walikan ingkang wanda sepisanipun boten sigeg saha kadhapuk saking tembung kalih wanda kanthi wuwuhan (O), (N), saha (NG), wujud 2: basa Jawi walikan ingkang wanda sepisanipun sigeg saha kadhapuk saking tembung kalih wanda kanthi wuwuhan (O), (N), saha (NG), wujud 3: basa Jawi walikan ingkang wanda sepisanipun boten sigeg saha kadhapuk saking tembung tigang wanda kanthi wuwuhan (O), (N), saha (NG), wujud 4: (wujud setunggal dipunwuwuhi ater – ater), wujud 5: (wujud kalih dipunwuwuhi ater – ater), wujud 6: (wujud setunggal dipunwuwuhi panambang), wujud 7: (wujud kalih dipunwuwuhi panambang), wujud 8: (wujud setunggal dipunwuwuhi ater – ater saha panambang), wujud 9: (wujud kalih dipunwuwuhi ater – ater saha panambang), wujud 10: (wujud setunggal dipuntambah wujud setunggal), wujud 11: (wujud kalih dipuntambah wujud kalih).
2. Cak-cakanipun basa Jawi walikan ing Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan inggih menika :

- a. dipunginakaken dening tiyang ingkang gadhah sesambetan ingkang akrab, tiyang ingkang taksih setunggal kulawarga, saha dipunginakaken dening tiyang ingkang gadhah pedamelan ingkang sami inggih menika tiyang pedamelanipun dados bakul saha tani;
- b. dipunginakaken dening panuturipun kangge nedahaken solah bawa saha pangrasaning manah; nyingidaken sawijining prakawis; ngandharaken panyaruwe; ndadosaken lucu; ngalusaken tembung ingkang kasar supados dados langkung alus; saha dipunginakaken kangge ngandharaken pasemon.

### **B. Implikasi**

Adhedhasar asiling panaliten ingkang kapanggihaken ing panaliten menika, wonten *implikasi* ingkang badhe kaandharaken, inggih menika:

1. panaliten menika saged dipunginakaken dados *referensi* panaliten sanesipun babagan *sosiolinguistik* mliginipun basa Jawi walikan;
2. panaliten menika ugi saged dados sarana nglestantunaken basa Jawi walikan ing Dhukuh Gandon Dhusun Balegondo Kecamatan Ngariboyo Kabupaten Magetan, saha kangge paring seserepan dhumateng masarakat ngengingi wujuding basa Jawi walikan saha cak-cakanipun;
3. wewarah ngengingi basa Jawi walikan menika ugi saged dipunginakaken kangge nganggit *kamus variasi* basa, mliginipun basa Jawi walikan.

### **C. Pamrayogi**

Pamrayogi adhedhasar dudutan saha *implikasi* ingkang sampun dipunandharaken, panaliti saged paring pamrayogi ing ngandhap menika:

1. menawi badhe nglampahi *komunikasi* kaliyan warga Dhukuh Gandon, saha nalika *komunikasi* menika manggihaken tetembungan ingkang boten dipunmangertosi ingkang dipunginakaken warganipun, saged dipuntafsiraken kanthi ngilangi aksara (O), (N), saha (NG) sarta malik wanda kaping kalih ing tembung kapisanipun ingkang aksara swantenipun sampun dipunewahi dados aksara swanten ingkang wonten ing wanda kaping kalih tembung kaping kalihnipun, sasanipun menika, ugi malik wanda kapisan ing tembung kaping kalihnipun;
2. prelu ananing panaliten salajengipun inggih menika panaliten basa jawi walikan ingkang ngrembag babagan *faktor – faktor* ingkang ndayani nalika basa Jawi walikan dipunginakakaken dening warganipun saha basa Jawi walikan ingkang dipuntliti kanthi *kajian fonologi*.

## KAPUSTAKAN

- Alwasilah, Chaedar. 1985. *Sosiologi Bahasa*. Bandung : Angkasa.
- Bungin, Burhan. 2012. *Analisis Data Penelitian Kualitatif*. Jakarta: Rajawali pers.
- Chaer, Abdul. 2007. *Kajian Bahasa: Struktur Internal, Pemakaian, dan Pemelajaran*. Jakarta : Rineka Cipta.
- \_\_\_\_\_ dan Agustina, Leonie. 2004. *Sociolinguistik Perkenalan Awal*. Jakarta : Rineka Cipta.
- Danandjaja, James. 1985. *Folklor Indonesia: Ilmu Gosip, Dongeng, dan lain-lain*. Jakarta: Grafiti.
- Endraswara, Suwardi. 2010. *Folklor Jawa: Bentuk, Macam dan Nilainya*. Jakarta: Penaku.
- Kartamihardja, S. 1988. *Bahasa Cermin Kehidupan Masyarakat*. Jakarta: Depdikbud.
- Keraf, Gorys. 2001. *Komposisi: Sebuah Pengantar kemahiran*. Flores: Nusa Indah.
- Kridalaksana, Harimurti. 1982. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Librianthi, Wahyu Octaryza. 2011. *Bahasa walikan bahasa Jawa di Kecamatan Ngadirejo Kabupaten Pacitan (Suatu Kajian Sociolinguistik)*. Skripsi S1. Yogyakarta: Jurusan Pendidikan bahasa Daerah, FBS, UNY.
- Moleong, Lexy J. 2002. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT.Remaja Rosdakarya.
- Mulyana. 2006. *Morfologi Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, FBS, Universitas Negeri Yogyakarta.
- Nababan.P.W.J. 1984. *Sociolinguistik: Suatu Pengantar*. Jakarta: PT Gramedia.
- Nurhayati, Endang, dan Siti Mulyani. 2006. *Linguistik Bahasa Jawa: Fonologi, Morfologi, Sintaksis, dan Semantik*. Yogyakarta: Bagaskara.
- Ohoiwutul, Paul. 2002. *Sociolinguistik: Memahami bahasa dalam Konteks Masyarakat dan Kebudayaan*. Jakarta: Kesaint.
- Poerwardarminto. W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: J.B. Wolters Uitgevers Maatschappij n.v.
- Ramlan. M. 1987. *Morfologi: Suatu Tinjauan Deskriptif*. Yogyakarta: Karyono.

- Rosmadi, Nur Ani. 2006. *Ragam Bahasa Walikan dalam Bahasa Jawa (Analisis Sosiolinguistik)*. Skripsi S1. Yogyakarta: Jurusan Sastra Nusantara, FIB,UGM.
- Setiyadi, Bambang. 2006. *Metode Penelitian untuk Pengajaran Bahasa Asing: Pendekatan Kuantitatif dan Kuantitatif*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Sudaryanto. 1988. *Metode Linguistik Bagian Pertama Ke Arah Memahami Metode Linguistik*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- \_\_\_\_\_ 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa; Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan secara Linguistik*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Sugono, Dendy et al. 2008. *Kamus Bahasa Indonesia*. Jakarta: Pusat Bahasa Dinas Pendidikan Nasional.
- Suhardi, Basuki. 2009. *Pedoman Penelitian Sosiolinguistik*. Jakarta: Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional.
- Soeparno. 2003. *Dasar-Dasar Linguistik*. Yogyakarta: Mitra Gama Widya.
- Sumarsono. 2008. *Sosiolinguistik*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Suwito. 1982. *Pengantar Awal, Sosiolinguistik Teori dan Problematika*. Surakarta: Henary Offset Surakarta.
- Yudi, Cahyono Bambang. 1989. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.

*Non Pustaka*

<http://repository.usu.ac.id/bitstream/123456789/20256/4/chapter%2011.pdf>.

Dipununduh tanggal 23/04/2013. Siregar,Eva Tuti Harja. 2010. *Bahasa Gaul pada Kalangan Waria di Jalan gadjah Mada Medan: Tinjauan Sosiolinguistik*.

Tabel 6. Tabel panyerating wujud saha cak-cakaning basa Jawi walikan

No	Ukara	Wujuding basa Jawi walikan		Tembung asalipun	Cak-cakaning						Indikator	Katrangan
		Tipe	Tembung		Lucu	Pasemon	Nyngidaken	Ngalusaken	Pangrasa	Panyaruwe		
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13
1.	O <sub>1</sub> : “Heh sing <i>owa duneng</i> ke <i>oncas monong</i> , <i>onyar anang</i> jare wong-wong”	1	<b>Owa duneng</b>	Duwe			√				<p><b>S</b>:pawicante nan ing plataran dalemipun Nanang</p> <p><b>P</b>:peranganing pawicantenan: O<sub>1</sub>: Nanang O<sub>2</sub>: Iwan</p> <p><b>E</b>:ancasing pawicantenan: kangge mangertosi tiyang ingkang gadhah thuyul</p>	<p>→ Wujud dados 2 tembung</p> <p>→ (Du) – (we)→(we) -(du)</p> <p>→ Wanda (du) dipunwalik ing tembung kapindho – wanda (we) dipunwalik ing tembung sepisan</p> <p>→ tembung sepisan, wuwuhan aksara swanten (O) + wanda (we). Sedaya aksara swanten ing wanda kapindho tembung menika dipunewahi dados aksara swanten (a). (we→wa).</p> <p>→ Tembung kapindho,wanda (du) + wuwuhan aksara (N) + aksara swanten ing wanda kapindho tembung asalipun :(e)+(NG)</p>
		2	<b>Oncas monong</b>	Moncos			√					<p><b>A</b>: O<sub>1</sub>:pambuka pawicantenan O<sub>2</sub>: ingkang nanggepi</p>

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13
